ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№21 (21.679) ● 2010 гъэм мазаем (январым) и 9, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и псалъэ.

Инвестицэ проектхэр ягъэзащIэ, IэнатIэщIэхэр къызэIуах

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен мазаем и 4-м иригъэкIуэкIащ республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ 2008-2009 гъэхэм социальнэ, экономикэ зыужьынырыгъэ я лъэныкъуэкIэ Прохладнэ куейм щызэфIагъэкIахэмрэ мы илъэсым нэхъыщхьэу къапэщытхэмрэ.

ЩIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Гертер Иван** и отчет докладым зэрыщыкIамкIэ, финанс-экономикэ кризисым къиша гугъуехьхэм щхьэкIэ къэмынэу, районым и Iэхъуцапlэ псори зэпIэзэрыту лэжьащ, я кIалэнхэм мыIейуэ пolъэщащ. Зи гугъу тщы зэманым къриубыдэу зи пIальэр икIа хуабэ гуэшапIэу метр 600, псы кIуапIэу километр 11,7-рэ яхъэжащ, котельнэ цыкIуэхэм хуэдэу 3 яухуащ, псыр къызэрыщIаш Iэмэпсымэу 2 яхъэжащ, псыкъуийуэ 3 къагъэкъэбзащ, котельнэ 16-м хуабэр зыхъумэ насосхэр щагъэуващ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

УхуакIуэхэм я лэжьакIэр

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар иригъэкIуэкIащ республикэм и законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ хухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр едгIуащ «Зи лэжьакIэр зыубзыхуж организацэхэм я Iэхъуклэ»-Федеральнэ законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм теуухуауэ «КъБР-м и ухуакIуэхэм я зэгугъэныгъэ» зи лэжьакIэр зыубзыхуж ухуакIуэ Iэхъуцапlэ щIыхубэ предприятэм и генеральнэ директор **Ашхъуэт Асльэн** кIипсэльам. Абы Президиумым хэтхэм ягу кIиригъэIыжащ «Урысей Федерацэм и КъалэухуэI кодексым зэхъуэкIыныжыгъэхэм хэльъэным тегухуауэ» 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащта Федеральнэ закон №148-ФЗ-м ипкъ иткIэ проектхэр щIынымкIэ, ухуэныгъэхэр егъэкIуэкIыныжмкIэ, инженер къэхутэныгъэхэмкIэ лицензэхэр 2009 гъэм щIышлэм и 1 лъандэрэ зэрамытыжыр. Нэхъ апэкIэ ятауэ щыта апхуэдэ лицензэхэмэ 2010 гъэм щIышлэм и 1-м щегъэжьауэ къаруя яIэжкъым. Адэкlэ мы IэнатIэм щылэжьэнухэр хуит зэращIыр ухуакIуэхэм, проектировщикхэм, инженер къэхутакIуэхэм я организацэу зи лэжьыгъэр зыубзыхужым ита щыхьэт тхылъым ипкъ иткIыщ. Мы зэгугъэныгъэр фейдэ къэзэкIыныным тещIыхьауэ щыткъым, ар зыхэпсэукIыр зэгугъэныгъэм хэтхэм къыхалъхьэ взносхэрщ. Абы лэжьэну хуит зэращI документацэр зэритым, зэгугъэныгъэм хэтхэм ираГъэкIуэкI лэжьыгъэр къызэрипщытхэм нэмыщI, ухуакIуэхэм я сэбэн зыхъэлъхэр къэрал властым и органхэм я деж щегъэувэ, щIыхуэхэр Iэщ1агъэм хурегъаджэ, аттестацэ иregъэкIуэкI икIи зэгугъэныгъэм хэтхэм мылькукIэ къабгъэдэхуэ къалэнхэм яхуэгъэзауэ жэуап ехь.

Ашхъуэт Асльэн зэпхьыхьауэ тепсэлъыхьащ ухуакIуэхэм я зэгугъэныгъэу зи лэжьыкIэр зыубзыхужыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къызэрыщыгъэпсэщ щыкIэм. Иджыпсту абы юридическэ Iэнатlэу, щхьэзакъуэ хъэрычэт лэжьакIуэу 130-м щIигъу хэтщ. Зэгухъэныгъэм хиубыдэ комиссэхэр хопльэ ухуэныгъэм пыща лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI щыхьэт тхылъхэр тыным.

Депутатхэм упщIэ куэд иратащ зи лэжьакIэр зыубзыхужь зэгугъэныгъэм и генеральнэ директорым. Къэпсэльахэм ящыщ языныкъуэхэм кьалэтащ мы зэгугъэныгъэм и лыкIуэ къэралыр зыхуэнэжьи папщIэ заказхэр хэзыгъашI комиссэ зэгугъэм хэгъэхьэпхъэу.

Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Боэний Натбий** къыхуигъэщащ зи лэжьакIэр зыубзыхужь Iэхъуцапlэхэм ящыщу «КъБР-м и ухуакIуэхэм я зэгугъэныгъэ» Iэнатlэр ялэу къызэрыдзэрагъэпэщыр, а Iэнатlэр дяпэкIэ КъБР-м и Парламентым зыхуэфащэ и комитетым пыщIауэ зэрыщытынур.

Чеченов Ануар зыхуэфащэ комитетым и пщэ ирилъхьащ «КъБР-м и ухуакIуэхэм я зэгугъэныгъэм» щIыгъуу дяпэкIэ къагъэсэбэпыну закон лъабжьэр гъэбелджылыным елэжьыну. Хабзэ мардэхэр хуэунэтIауэ щытынущ «Зи лэжьэкIэр зыубзыхуж организацэхэм я Iэхъуклэ»-Федеральнэ закон №315-ФЗ-р республикэм и щIыналъэм зэрыщагъэзащIэр къыщагъэпщытэм нэIуэ къэхъуа ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжыным.

Президиумым и зэIущIэм апхуэдэу щыхэпльащ «2009-2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ерыскъыпхъэмкIэ и рынокым щызэпеуэным зегъэужьынныр» республикэ программэ эхэам и Iэхъуклэ»-КъБР-м и Законым къару имыIэжу къэлытэнным теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекIуэкI бюджет лэжьыгъэмрэ бюджет зэхуакIуэ зэпыщIэныгъэхэмрэ я Iэхъуклэ», «Республикэм и къэрал Iэхъуцапlэхэм я лэжьакIуэхэм лэжьапщIэ зэрыратым и Iэхъуклэ» республикэ законхэм я проектхэр. Мы Iэхъуклэр зэгъэщIылIа комитетхэм я хабзэ мардэхэр КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм зэрыщыхэплъэным хуагъэхьэзырынущ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр егъэкIуэкIыным икIи ар дызэрыт илъэсым мазаем и 25-м зэхуагъэсыну траухущ.

КIуэрыкъуэ материалхэм хэплъэри, Президиумым хэтхэм унафэ кIащтащ Газаевэ Луаз Магомед и Пхуэм, Теуэвжькъуэ Эльмирэ Николай и пхъум - «Атрэ» Баахъсэн дэт профессиональнэ лицей» ефджапIэм и ефъэджакIуэхэм, Кольченко Алексей Владимир и къуэм - «Республикэм и сабий эколого-биологие центр» Iэхъуцапlэм и унафэщым и къуэдзэм КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэху зыбжанэ зэпэщIэзрахащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Ди ерыскъыпхъэхэр Москва щагъэлъагъуэ

Дыгъуаэ Москва, «Экспоцентр» гъэлъагъуапIэ комплекс нэхъыщхьэм, къыщызэIуахащ «Продэкспо-2010» дунейпсо выставкэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ерыскъыпхъэхэр зыгъэхьэзыр, сырьем елэжь и Iэхъущ1апIэу 23-м абы щагъэлъагъуэ ди деж щащI шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, фадэхэкIэр, фIэIугъэхэр, Iэфы1кIэхэр, макаронхэр, гъэшым къыхэщIыкIа ерыскъыпхъэхэр. Зи продукцэр Урысейм и къалащхьэм зышаехэм ящыщ «Евро-Рос», «ШIэджэмпагъэр-ерыскъыпром», «Рус-Алко», «Каскад», «Велес», «Велес-Агро», «Жако» Iэф1кIэ фабрик», «Налшык гъэш комбинат», «Нарткъалэ» шагъыр завод», «Дохъушыкъуей» ерыскъы комбинат», «Лъскэн» консерв завод», «Консервпром», «Альянс», «Си къалащхьэ», «Налмак», «Нектар» ерыскъы комбинат», «Алькасар», «Нализ», «Интервайн», «Авант-Алко», «Русь», «Налшык консерв завод» жэуап пыухьикIа зыхь зэгугъэныгъэхэр, «Вега» Нарткъалэ ерыскъы комбинат» акционер обществэ зэхъуэшIар.

КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI **Ксанаевэ Риммэ** къызэрыджиламкIэ, хабзэ хъуауэ къэралым и къалащхьэм гъэ къэс къыщызэрагъэпэщ гъэльэгъуэныгъэр мы предприятэхэм я нэхъыбэм къагъэсэбэп езыхэм я продукцэр пхагъэкIын папщIэ. Гъэльэгъуэныгъэм зэрызиубгъуэм и щыхьэтщ1э зэрыкIэр щыыгъэльагъуэу предприятэхэмрэ сату Iуэхущ1апIэхэмрэ я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. Я1п дыдэу къыщызэрагъэпэщам щыгъуэ выставкэм и экспозицэхэм я1ыгъар метр зэбгъэзэнатIэ мини 9-щ. Иджырей гъэльэгъуэныгъэу мы гъэм епщыкIубланэу къызэIуахым метр зэбгъэзэнатIэ мини 135-рэ еубыд. Нэхъапэхэм выставкэм нэхъыбэу къакIуэу щытар изгъэущI къэралхэм я фирмэхэрщ, ауэ иджы къэралым и мэкъумэщ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр куэдкIэ нэхъыбэ хъуащ. Ди республикэми нэгъабэ предприятэ I6 икIауэ щытамэ, иджы кIуахэм я бжыгъэр 22-рэ мэхъу.

Ксанаевэ Риммэ жиIащ республикэм и лIыкIуэхэр конкурс программэ зыбжанэм зэпхьэтыныр. Псальэм папщIэ, абы хэм яша ерыскъыхэхIэхэр щагъэлъэгъуэнущ иджырей технологиехэр къагъэсэбэпурэ ягъэхъэзыра продукцэмкIэ конкурсым.

Апхуэдэу мы гъэльэгъуэныгъэм хиубыдэу къызэрагъэпэщынущ «Иджырей технологиехэмрэ ерыскъыпхъэхэр къыщIэзыгъэкI, сырьем елэжь промышленностыр къэгъущIэрэщIэжынымрэ» конференцыр.

ХЬэПЭ Марин,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

КIапсэ гъуэгур зэрагъэпэщыжащ

IУАЩХЬЭМАХУЭ дэкI «Азау - Старый Кругозор» кIапсэ гъуэгум и я1п Iыхьэр уэсу-кхъуэм и зэран къызэрекIам къыхэкIыу пэгъабэ и щэкIуэгъуэ мазэм къагъэувыIауэ щытащ. «Iуащхьэмахуэ лъапэ и кIапсэ гъуэгухэр» ОАО-м и унафэщI Хаджиев Магомед хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, иджыблагъэ ар зэгъэпэщыжын яухащ.

Иджыпсту гондолэ кIапсэ гъуэгущIэм и IыхьитIри зэблэу къыхэмыкIыну мэлажьэ. ЗыгъэпсэхуакIуэ къакIуэкIуей хъунущ ратракхэмкIэ - уэсым щызекIуэ тракторхэмкIэ.

Лажьэу щIэзыдзэжа кIапсэ гъуэгур «Пома» франджы фирмэм ищIауэ щытащ икIи ар дунейпсо мардэхэм къызэгъэпэщ1ащ. Псори зэхэту гъуэгур къызэрагъэсэбэпар идъэситIщ. Абы метр 1740-рэ и кIыхьагъщ, Азау щыпIэм щежьэу Старый Кругозор хэщIапIэм нэсым дакъикъи 5 тригъэкIуадэу араш икIи сыхьэт къэс щыху 2400-рэ егъэIэпхъуэ.

«Уэсышхуэ къеса нэужь Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ къежэхьыпIэхэр зэтес ящIащи, бгым къежэхьынымкIэ спортсменхэми хъэщIэу къакIуэхэми зыщагъэнщIыркъым»,- къыхигъэщхьэхукIащ Хаджиев Магомед.

Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ

администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Ди къэралым щыджэгуну хущIокъу

АБХЪАЗ. ***Сыхъум и «Парт» командэм Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым щыджэгуну и мурадш. Абы щхьэкIэ зыхуеину дэфтэрхэр хъэзырщ.***

КОМАНДЭМ иджыпсту Абхъазым зыщегъэхьэзыр. Абы и тренер нэхъыщхьэр Гудаут и «Рица»-р зыгъэасэу щыта Кварцхелие Джумэщ, и дэIепыкъуэгъэр Сочэ и «Жемчужина»-м щыджэгуа Тlарбэ Саидщ.

Командэм УФ-м футболымкIэ и етIуанэ дивизионым зыкъыщигъэльэгъуэфу щытмэ, абы къыхьыхьэжынущ ди къэралым и командэхэм ехъулIэныгъэ щаIэу илъэс зыбжанэ хъуауэ щыджэгу зэкъуэшхэу Аджиджэ Беслъэнрэ Русланрэ, Мейкъуапэ и «Дружба»-м хэт Джение, Аргбэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

НэхъыфIхэр ягъэпажэ

АДЫГЕЙ. ***Урысей щIэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу республикэм щекIуэкIащ щIэныгъэлI ныбжьыщIхэм я дуейпсо зэIущIэ.***

- АДЫГЕЙ къэрал университетым илъэс 70 зэрырикъуэ теухуа зэIущIэм хэтыну къэльэIуащ Урысей Федерацэм, Курскым, Къэзахъстаным, Украинэм, Тыркум я щIэныгъэлI ныбжьыщIэ 250-рэ, - жиIащ философие щIэныгъэхэм я доктор Лаушэ Светланэ.

Хьэщ1эхэм зрагъэлъэгъуащ Адыгейм и щIэныгъэлIэхэм я лэжьыгъэхэр, абыхэм ятеухуа «СтIол хъурейхэр» екIуэкIащ, нэхъыфIу къальытахэр дипломхэмкIэ ягъэпажащ.

ХЬэЩЫКЪУЭЙ Олег.

Къаугъэ къимыкIыну пIэрэ?

Я1пу къаIэрыхьа бжыгъэхэм я1епщIыхьымэ, въэсмахуэ Украинэм щекIуэкIа президент хэхъыныгъэхэм щытекIуар Янукович Виктор щ.

- ЦIыхухэр хуэныкъуэщ зэхъуэкIыныгъэхэм. Сэ къысэолъытэ мы хэхъыныгъэхэр пэублэ хуэхъуну ди къэралым зиужьыжьным, щIыхуэхэр зэкъуэувэжьным, - жиIащ Янукович Виктор.

ИтIани, Тимошенкэ Юлие зэкIэ пыухыкIауэ зыри жимыIэми, фIэщ щIыгъуейщ и хьэрхуэрэгъур къызэрытекIуам ар псалъэмакъыншэу евэлIэну. Политологхэм хуагъэфащэ хэхыныгъэхэм кьрикIуам къаугъэ кьикIынкIэ хъуну, бжыгъэхэм кьагъэлъагъуэри Украинэр тIу ищIыкIауэ къызэрынарщ.

Уранырыгъэбатэмэ

Ираным и ядерие программэм Европэм и къэрал нэхъ зыныжьыкъэр кынгъэгузавэ хъуащ.

Абы и президент Ахмединеджад Махьмуд вэсэмахуэ унафэ ищIащ ураныр гъэсыныпхъэу кьагъэсэбэпын папщIэ кьагъэбэтэн щIадзэну. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, а Iуэхур нэгъуэщI къэралым щрагъэщIэну зэрыарэзым теухуауэ президентыр куэд щIатэкъым къызэрыпсалъэрэ.

- Дунейпсо жылагъуэр зэгухьэу Ираныр зэтрагъэувыIэн хуейщ. А къэралым санкцэхэр тетлъхьэну иджыри зэман иIэщ, - жеIэ США-м ыхьумэжьныгъэмкIэ и министр Гейтс Роберт.

Ураныр езым кьигъэбатэмэ, щэхуу бомбэри ищIыну, уеблэмэ и мурад нэхъыщхьэр араугъэ къальытэ Ираным пэщIэувахэм.

Яхуэшэчыжьыркъым

Франджым и къхъуэ тедзапIэм щызэхьэхуэ пэтащ полицэмрэ хамэщI къиIэнхъуэкIахэмрэ.

«Ноу-Боуре» псапащIэ Iуэхущ1апIэр къадэIэпыкъри, къэIэпхъуэхэм я жэщ-махуэ щагъэкIуащ гъэтIылыпIэ нэщI гуэрым и пэщIэм. Абыхэм я ныжьыбэр къызидIэпхъуэкIар Афганистанращ. Полицэм я унэр кьиухъурейхьат, ауэ щIыхухэм пщIэншэу ират пщэдджжьышхэр къащтэну къыщыщIэкIым, икIуэтыжахэщ.

- Дэ дигу техуэнукъым Франджым и къэлэкIэ «джунглим» ящыI, - жеIэ Iэпхъуэщапхъуэхэм я IэхъуэхэмкIэ министр Эрик Бессон.

Зауэр щекIуэкI щIыпIэхэр зыбгынэу Франджым къкIуасэхэр Кале къалэращ нэхъыбэу щызэхуэсыр. Къабзагъэм теухуауэ мардэ гуэрри здэщымыIэ, ищIыIэ цIыкIухэм щIэс цIыкIуэхэр Франджым и щхьэр щIэуэ-зын Iуэху мэхъу. Араш полицэмрэ хамэщI къиKIахэмрэ зэжьэхэуэным и щхьэусыгъэрри.

НАТО

◆ Илъэси 106-рэ и пэкIэ щIидзащ Урыс-Япон зауэм. Ар екIуэкIащ 1904 - 1905 гъэхэм.

◆ Мазаем и 9-11-хэм Эссен (Германие) щызэхэтынущ энергиемрэ псымрэ зэгъэзэхуэныжьыкIэ 10-нэ дунейпсо конгрессрэ еплъыныгъэрэ.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 13-м, къухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 28-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 15-рэ.**

Плиэхэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

Льэпкъ Iущыгъэ:

Узэралъагъуу уафIощI, УзэрафIэщIу уалъытэ.

Льэпкъхэр зэкъуэзыгъэувэ, ныбжьыщIэхэр зыгъэгушхуэ

Льэпкъхэм я унэм льэпкъ щэнхабзэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэ1 нэхъыщхьэ, зэпеуэм и куратор Батыр Натальерэ ТIажь Альбинэ и фондым и унафэщI ТIажь Борисрэ.

Льэпкъхэм я унэу Мэкъуу дэтым щагъэлъагъуэ «Нартхэм я фIыгъуэхэр» е етIуанэ дунейпсо сабий-ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ-фестивалым щытекIуа сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ1экI нэхъыфIхэр.

ФИГУ къэдгъэкIыжьынщи, ди льэхъанэгъу сурэтыщI-модельер ТIажь Альбинэ и фондым, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ и министерствэхэр я щIэгъэкъуэну, а зэпеуэ-фестивалыр нэгъабэ ирагъэкIуэкIащ.

Гъэльэгъуэныгъэм хиубыдэу иджыблагъэ Льэпкъхэм я унэм щекIуэкIащ щыхэпхьэм щыпсэу, адыгэ-абхъаз льэпкъхэм къахэкIахэм я концерт. Къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджыIакIуэ, Къабардей-Балъкъэр ныбжьыщIэхэм.

ТуфIэгъуэ зэхьыхьэм кърагъэблагъэ хьэщIэхэм яхэтащ Абхъаз Республикэм и посольствэу Урысейм щыIэм щэнхабзэмкIэ и чэнджэщагъу **Гулиа Татьянэ** , Мэзкуу щыIэ абхъазабазэ диаспорэм и унафэщI **ОтарЛасарие,** ИНИИ-м и унафэщIым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ, кафедрэм и унафэщI **Барциц Игорь** , къалащхьэм и сабий библиотекэ нэхъыщхьэм, Гайдар А. П. и цIэр зезыхьэм, и методист **Поповэ Борис**, «Журналист» тхылъ тедзапIэм и лIыкIуэ, «ЧИП-сабий1хэм» журналым и редактор, PR-менеджер**Соколовэ Анастасие**, Мэзкуу дэт «Гласъ» урыс театрым и лIыкIуэ, художник-сурэттехь**Беляевэ Ларисе** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Льэпкъхэм я унэу Мэзкуу дэтым диплом щхьэхуэхэр яхуигъэфащащ нэхъ ягу ирихьа сурэтхэр зи Iэдакъэщ1экI ныбжьыщIитхум: ди льэхэгъуэгу Шэрэ1ужь Астемыр, Агаджанов Владимир, Мейкъуапэ щыщхэу Духу Дариненрэ Калиниченкэ Юрэрэ, Сыхъум щыпсэу Ашубэ Нарсоу сымэ.

Сурэтыщ1-модельер ТIажь Альбинэ и фондым и унафэщI ТIажь Борис зэхьыхьэм щыжиIащ дызыхьа 2010 гъэм «Нартхэм я фIыгъуэхэр» ещанэ дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэ-фестивалыр зэрекIуэкIыну. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, сурэт щIыным къыдэкIуэу нэгъуэщI зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIыну я мурадщ. Псалъэм папщIэ, льэпкъ пшынэ, нэгъуэщI макъамэ Iэмэпсымэхэр екIуу зыгъэбзэрабзэ щIалэгъуалэм я зэпеуэ. Апхуэдэ гурыльхэр къохьулIэн папщIэ мылъкушхуэ ухуейщ. Ауэ къызэгъэпэщакIуэхэм дэIепыкъуэгъу, щIэгъэкъуэн къахуэхъунуэр зэрыщыIэр я фIэщ мэхъу.

Зэпеуэм и хабзэхэм нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщыфхуэщIыфынущ www.albina-tazheva.com сайтым:

УЭРДОКЪУЭ Женя.



ТIажь Альбинэ и Iэдакъэщ1экIэхэр.

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЗэIущIэр щекIуэкIым.

Инвестицэ проектхэр ягъэзащIэ, IэнатIэщIэхэр къызэIуах

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- «ЖКХ-м щрагъэкIуэкI реформэхэр дэIыгъынымкIэ фондым и IуэхукIэ» федеральнэ законыр догъэзащIэ. Абы ипкъ иткIэ, псэупIэр зейхэм я зэгухьэныгъэу (ТСЖ) 6-рэ Управляющэ компаниеу 2-рэ къызэдгъэпэщри, фэтэр куэд хъу унэу 82-м едгъэбыдылIащ. 2008 гъэм апхуэдэ псэупIэу 16, нэгъабэ 7 къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. Абыхэм сом мелуан 58,6-рэ хухэтхащ, - къигъэлъэгъуащ къэпсэлъам. - Куейм псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэР щызыгъэзащIэ организацэхэм я бжыгъэм 2007 гъэм елъытауэ процент 50-кIэ хэхъуащ. Иджы районым псы кIуапIэу иIэ километри 150-р предприяти 6-м зэрахьэ. «Прохладнэ ДРСУ» ОАО-м нэгъабэ Солдатскэ станицэм и уэрам нэхъыщхьэмрэ Балъкъ псым телъ лъэмыжымрэ зэригъэпэщыжащ, Прималкинскэ къуажэм и ЩIалэгъуалэ уэрамым асфальт трилъхьащ. Жылагъуэхэм я уэрам нэхъыщхьэхэм уэздыгъэ щыфIадзэ. Куейм и мылъкум щыщу сом мелуан 477-рэ а Iуэхум хухэтхащ.

Гертер Иван къызэригъэлъэгъуамкIэ, Солдатскэ станицэм дэт сымаджэщ нэхъыщхьэм и терапевт къудамэр, Дальнэ къуажэм и амбулаторэр республикэ, район бюджетхэм я хьэкъкIэ зэрагъэпэщыжащ, хьэрычэтыщIэхэм я мылъкукIэ Алътуд жылагъуэм участковэ сымаджэщ щаухуащ, нэгъуэщI лэжьыгъэ щхьэпэхэри зэфIагъэкIащ.

Прохладнэ районым нэгъабэ продукцэу къыщалэжьащ, IуэхутхьэбзэУ щызэфIагъэкIащ сом меларди 6,6-рэ и уасэ. Ар 2008 гъэм елъытауэ процентi 6,4-кIэ нэхъыбэщ. МэкъумэшхэкIыу сом меларди 3,9-рэ и уасэ кърахьэлIэжащ. А бжыгъэри и пэ ита илъэсым яхузэфIэкIам процентi 8,6-кIэ щIегъу. Жьапщэшхуэм, уэшхышхуэмрэ уэмрэ гектар мин 14,5-рэ Iисраф зэращIам хэщIыныгъэ ин къаритами, куейм и хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми гъавэу тонн мини 133,6-рэ къыщрахьэлIэжащ. «АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проектыр жыджэру зэрагъэзащIэм ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр къропкIуэ. А Iуэхур къызэрыхалъхьэрэ IэщышхуэУ яIэр мин 42,8-м нэсащ. Нэгъабэ районым былымылрэ джэдкъазылу (мыукIауэ) тонн мин 14, гъэшу тонн мин 42,7-рэ къыщалэжьащ, джэдыкIэу мелуан 20 къыщрахащ. АПК-м и «Киево-Жураки» ЗАО-м и Прохладнэ къудамэ» кхъуэ комплексым и япэ чэзур къызэIуахащ, «Велес-Агро» ООО-м и лъэщагъым хагъэхъуащ. 2009 гъэм «Урысейм и мэкъумэш банк» ОАО-м и щIыналъэ къудамэм къыIахащ сом мелуан 52,7-м хуэзэ кредиту 100-м щIигъу. АбыкIэ Iэщышхуэ, Iусыпхъэ, жылапхъэ, техникэрэ пкъыгъуэхэмрэ къащэхуащ.

- Промышленнэ предприятэхэм продукцэу къыщIагъэкIащ, IуэхутхьэбзэУ зэфIагъэкIащ сом мелуан 77,4-рэ и уасэ. Ар 2008 гъэм елъытауэ хуэдэ 1,6-кIэ нэхъыбэщ. «Къэрэгъэш гъэш завод» ООО-м мы гъэм гектари 3-м ухуэныгъэщIэхэр щригъэкIуэкIынущ, «Лэгъупыкъу» ООО-м хадэхэкI лIэужьыгъуэу игъэфIэIум хигъэхъуэнущ, - жиIащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм. - Хьэрычэт Iуэху мыиным зегъэужьыныр куейм и экономикэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Нобэ дэ диIэщ предприятэ цIыкIуу 101-рэ, щхьэзакъуэрылажьэу 1110-рэ. IуэхущIапIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ районым лэжьэфыну исым я процентi 8-10-м IэнатIэ щагъуэт. Куейм къыщызэдгъэпэщащ хьэрычэт IэнатIэ цIыкIухэм ядэIэпыкъунымкIэ муниципальнэ фондрэ «Фермер» кредит кооперативрэ. Ахэр щIэгъэкъуэныфIщ. Къапщтэмэ, муниципальнэ фондым нэгъабэ итащ сом мелуани 8,2-рэ и уасэ заему 37-рэ.

Къэпсэлъам и отчет докладым къызэрыхигъэщамкIэ, мылъкум и къыхэкIыпIэ псоми я хьэкъкIэ 2009 гъэм инвестицэу сом мелардым щIигъу зэщIагъэуIуащ. Хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ мы зэманым ягъэзащIэ сом меларди 9,7-рэ и уасэ инвестицэ проекту 25-рэ. Абыхэм я фIыгъэкIэ цIыху 1340-м щIигъум лэжьыгъэ ягъуэтынущ. Нэгъабэ сом мелуан 991,5-рэ къагъэсэбэпащ, IэнатIэщIэу 99-рэ къызэрагъэпэщащ, бюджет лIэужьыгъуэхэм налогыу сом мелуан 28,7-рэ халъхьащ. Инвестицэ проект инхэр зыгъэзащIэхэм, мылъкушхуэ зыхалъхьахэм ящыщщ «Велес-Агро», «Iуащхьэмахуэ лъапэ» АПК, «Капитал-Инвест», «Глобус», «Гъавапхъэ къэкIыгъэхэр» ООО-хэр, «Киево-Жураки» ЗАО-р, «Бахъсэн Бройлер» ОАО-р, Петровхэ я цIэкIэ щыIэ колхозыр, «Солнечное» ОПХ-р, нэгъуэщIхэри.

Гертер Иван апхуэдэу къытеувыIащ районым и транспорт IэнатIэм и Iуэху зыIутым, унэ кхъахэм щIэсхэр гъэIэпхъуэным, еджапIэхэр зэIузэпэщ щIыным, лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэным, я бюджет зэхэтым и хэхъуэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIахэм.

- 2009 - 2011 гъэхэм районым и еджапIэхэм IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр ешэлIэным теухуа муниципальнэ программэр жыджэру ягъэзащIэ. Абыхэм дэтхэнэми я мазэ улахуэм сом мини 3 яхущIыдогъу, цIыху 89-м гъуэгупщIэр яхудот, сабий 1160-м нэблагъэ махуэ къэс еджапIэхэм идошалIэ икIи зэбгрыдошыж. Лъэпкъ проектым зэрыщыубзыхуам тету, а Iуэхум автобус 22-рэ, «ГАЗель» автомашинэм хуэдэу 8-рэ едгъэбыдылIащ, - жиIащ къэпсэлъам. - НыбжьыщIэхэм я узыншагъэр зыхуэдэм, зэрагъэшхэ щIыкIэм зэпымыууэ дыкIэлъоплъ. Ягъэува пIалъэм къитIасэу щIэм тету улахуэр ядот. ЕгъэджакIуэхэм я лэжьапщIэм процент 32-кIэ хэдгъэхъуащ, иджыпсту ику иту сом мини 10700-м щIигъу къахь.

«Узыншагъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, диагностикэ Iэмэпсымэхэр къытхуэкIуащи, жылагъуэ псоми къыщагъэсэбэп, ауэ физиотерапевт, дзэм зэреIэзэхэм, санитар автотранспортым я пIалъэр икIащи, ахэр зэтхъуэкIыну къытпэщытщ. КъБР-м и Президентым и протокол унафэхэм тету, республикэ бюджетым и хьэкъкIэ Алътуд къуажэм и участковэ сымаджэщым медицинэ Iэмэпсымэхэр иратащ, IэнатIэ Iут цIыхухэм я узыншагъэр къапщытащ, Екатериноградскэ станицэм сымаджэхэр махуэкIэ здэщыIэ къудамэ къыщызэIуахащ. Нэхъ дызыгъэпIейтейхэм ящыщщ сабий къалъхуагъащIэу лIэжхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. Абы республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм дыщытепсэлъыхьащ. IэщIагъэлIхэр къыдомэщIэкI. Мы зэманым дохутыру диIэр дызыхуейм и процент 68,7-рэщ, курыт медицинэ лэжьакIуэхэм ящыщу процент 88,9-рэщ.

Гертер Иван къызэхуэсахэр хигъэгъуэзащ 2002 - 2010 гъэхэм тещIыхьа «ПсэупIэ» федеральнэ программэ хэхам «Унагъуэ ныбжьыщIэхэр псэупIэкIэ къызэрызэрагъэпэщынур» и программэ гуэдзэмрэ «2012 гъэ пщIондэ къуажэхэм зэрызаужьынур» федеральнэ программэ хэхамрэ я деж зэрыщагъэзащIэм.

Апхуэдэу щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм зэпкърихащ щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымрэ я IэнатIэхэм я щытыкIэр зыхуэдэмрэ ахэр дяпэкIи егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыпхъэхэмрэ. И къэпсэлъэныгъэм и кIэухыу абы игъэнэIуащ кIэлъыплъыныгъэм щIагъэувэну я мурад Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр.

Социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкIэ Прохладнэ муниципальнэ районым и Iуэху зыIутым едаIуэри, Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ куейм лэжьыгъэ хьарзынэ зэрыщекIуэкIыр икIи отчетым арэзы техъуащ.

КъыкIэлъыкIуэу республикэм и Президентыр къытеувыIащ щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм я финанс-хозяйственнэ IуэхущIафэр зыхуэдэмрэ абыхэм къапэщыт къалэнхэмрэ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Жамборэ Владимир**, Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэхэу **Тхьэзэплъыж Мурат**, **ДыщэкI Мадинэ**, министрхэр, къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Прохладнэ куей щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Гертер Иван и псалъэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм и пункт 4.2-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым къалэн щыщIын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Аруан муниципальнэ районхэм къабгъэдэкIыу хэтынухэр къыхэхыныр къызэригъэпэщыну.

3. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм я IуэхукIэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищта унафэ №1201-П-П-м.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм щIышылэм и 29-м
№247-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2010 гъэм щIышылэм и 29-м къищта Унафэ №247-П-П-м и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр

РЕСПУБЛИКЭ ЖЫЛАГЪУЭ ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭХЭМ Я ЛIЫКIУЭХЭР

1. Гуппоев Тимур Борис и къуэр - «ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэ

2. ЖьэкIэмыхъу Жаннэ Мухьэмэд и пхъур - «КъБР-м и лидер-центр» республикэ щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

3. Кайгермазов Арсен Аскэрбий и къуэр - «Патриот» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

4. Кубаевэ Мадинэ Хьисэ и пхъур - «ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ институт» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ

5. Шыпш Аслъэн Мухьэмэд и къуэр - «Перспектива» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ

6. Щхьэгъэпсо Аслъэн Сэфарбий и къуэр - «Афганистаным щекIуэкIа зауэм, щIыналъэ щхьэхуэхэм щекIуэкIа зауэхэмрэ дзэ зэпэщIэтыныгъэхэмрэ я ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

ЩIЫНАЛЪЭХЭМ ЩЫIЭ ЖЫЛАГЪУЭ ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭХЭМ Я ЛIЫКIУЭХЭР

1. Беземэ Арнольд Федор и къуэр - «Май районым и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

2. Доринэ Альбинэ Николай и пхъур - «Налшык къалэм и цIыхубзхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

3. Кабалоевэ Залинэ Валерий и пхъур - «ЩIалэгъуалэ альянс» Лэскэн район жылагъуэ зэгухьэныгъэ

4. Къаскъул Кърбэч Арсен и къуэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Бахъсэн районым и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

5. Мамбэт Мурат Владимир и къуэр - «Шэджэм районым и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэр

6. Нэгуэр Оксанэ СультIан и пхъур - «Налшык къалэм и щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

7. Рыбалкэ Татьянэ Александр и пхъур - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ къалэ округым и цIыхубзхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

8. Узденов Расул Ахъмэт и къуэр - «ТолъкъуныщIэ» Iуащхьэмахуэ район щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

9. Ульбашев Азнор ТIэхьир и къуэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэджэм районым и къуажэ щIалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

10. Хэжь Заирэ Хьэдис и пхъур - «Бахъсэн къалэм и цIыхубзхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

11. Хъыдзэ Алимбэч Тузем и къуэр - Тэрч районым и «Джулат» жылагъуэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэ

ЕДЖАПIЭ НЭХЪЫЩХЬЭХЭМ Я СТУДЕНТ ОРГАНХЭМ Я ЛIЫКIУЭХЭР

1. Дэхъушокъуэ Мадинэ Заур и пхъур - «Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапIэм и студентхэм я совет

2. Жанкишиев Вадим Жэгъэфар и къуэр - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм и юридическэ факультетым и студентхэм я щIэныгъэ зэгухьэныгъэ

3. Лу Азэмэт Хьэсен и къуэр - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм и студентхэм я совет

4. Нэзрэн Беслъэн Мухьэмэд и къуэр - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я совет

5. Муллаев Ислъам Далхат и къуэр - Урысейм и МВД-м Краснодар дэт и университетым Налшык щыIэ и къудамэм и юридическэ факультетым и студентхэм я совет

6. Шыбзыхъуэ Нарзан Хьэсен и къуэр - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапIэм и студентхэм я самоуправленэм и совет

7. Шурдым Нурмухьэмэд Хьэжмурат и къуэр - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм экономикэмкIэ и факультетым и студентхэм я совет

ПОЛИТИКЭ ПАРТХЭМ Я КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ЩIЫНАЛЪЭ КЪУДАМЭХЭМ Я ЛIЫКIУЭХЭР

1. Дадэ Руслан Алмэдин и къуэр - «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и щIыналъэ къудамэ

2. Къалэ Ислъам Хьэсэн и къуэр - «Iуэху захуэ» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ

3. Къэшэж Тимур Анатолий и къуэр - «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ

4. Уэрдэщ Мадинэ Александр и пхъур - «Урысейм и хэкупсэхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ

5. УнащIэ Заур Алик и къуэр - «Урысейм и либерал-демократие парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ

6. ШэрыIужь Мурат Альберт и къуэр - «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ.

●Дзэлыкъуэ куей

Я зэфIэкIым хохъуэ

«Балъкъ Ипщэ» мэкъумэш IуэхущIапIэм и зэфIэкIым кIуэ пэтми хохъуэ. Нобэ мыбы иIэщ Iэщышхуэу 600. Абы щыщу 266-р жэм къашщ. Iэщыхъуэхэр мэкъумылэрэ къэуат зыщIэлъ IусыпхъэхэмкIэ бэлэрыгъыркъым.

ХОЗЯЙСТВЭМ и унафэщI Нэчо Хьэсэн зэрыжиIэмкIэ, яIэ бжыгъэм Iэщ лъэпкъыфIу 300-400 къыхащэхуэну я мурадщ. Иджыблагъэ СХПК-м и жэмэщхэм ящыщ зым щагъэуващ Италием щащIа, жэм къызэраш линэщIэ. Абы куэдкIэ къащигъэпсынщIэнущ жэмышхэм я лэжьыгъэр. Апхуэдэу яухуащ шкIэщ ин. Хозяйствэм иIэщ гъэшым щелэжь цех щхьэхуи. Абы щащI кхъуейхэкIхэр, шатэ, кхъуейлъалъэ. ГъэшхэкIхэм я фIагъыр къыщапщытэ лабораторэри зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ нэсу къызэгъэпэщащ.

Гъатхэ дызэрытехьэу, «Балъкъ Ипщэ» СХПК-м и Iэщхэр зыщIэт псэуалъэхэр иджырей мардэхэм тету зэригъэпэщыжыну и мурадщ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрызэфIэкIыу и Iэщ бжыгъэм къыхигъэхъуэн щIидзэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Мазаем и 9-р Аэрофлотым и махуэщ

Гугъуехьхэр щыIэми

Аэрофлотым и махуэр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ 1979 гъэм ягъэуващ. Абы щIэдзапIэ хуэхъуащ граждан авиацэм и IуэхукIэ Совет къызэгъэпэщыным теухуауэ 1923 гъэм мазаем и 9-м Лэжьыгъэмрэ Зыхъумэжыныгъэмрэ Советым къищта Унафэр. Иджы ар Урысейм и Аэрофлотымрэ зэрыщыту граждан авиацэмрэ я Махуэу гъэ къэс мазаем и етIуанэ тхьэмахуэм ягъэлъапIэ.

ИЛЪЭС 40-м нэблэгъауэ УФ-р Граждан авиацэм и дунейпсо организацэм (ИКАО) хэтщ. Абы и зыужьыныгъэр къэралым и тхыдэм, экономикэм, щIэныгъэмрэ техникэмрэ ягъуэта лъагапIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Япэ илъэситхум и кIэм зэрызиужь хуабжьагъымкIэ, плIыщI гъэхэм я пэщIэдзэм хьэуа гъуэгуу къигъэсэбэпхэм я кIыхьагъхэмкIэ ди граждан авиацэр дуней псом щыпашэт. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ди авиаторхэр мелуанрэ щитхурэ уэгум ихьащ, зэхэуэ гуащIэхэм хэтащ, цIыхуу зы мелуанрэ щихрэ, фронтым папщIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хьэлъэу тонн минищэхэр ягъэIэпхъуащ. Къэралым и граждан авиацэр техникэщIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ авиаконструкторхэу Туполев А. Н., Туполев А. А., Ильюшин С. В., Новожилов Г. В., Яковлев А. С., Антонов О. К., Миль М. Л., Соловьев П. А., Кузнецов Н. Д., Ивченкэ А. Г., нэгъуэщIхэми. ХыщI гъэхэм хьэуа гъуэгухэр зэпащIэрт Ту-114, Ил-18, Ту-124, Ту-104 кхъухьлъатэхэм. Абыхэм къакIэлъыкIуащ Ту-134, Ту-154, Як-40, Ил-62-хэр. Граждан авиацэм и тхыдэм IуэхугъуэшхуэУ хыхьауэ щытащ тIысыпIэ 350-рэ зиIэ Ил-86 кхъухьлъатэм лъэтэн щыщIидза 1980 гъэр. Абыхэм зэпащIэрт СССР-у щыта къэралышхуэм и щIыпIэ псори.

Ди республикэм и авиаторхэми тхыдэ къулей яIэщ. «Налшык» кхъухьлъэтапIэм къежьапIэ хуэхъуар ОСОАВИАХИМ-м и аэродромым и базэрщ. 1945 гъэм а Iуэхур къыщыдахам гектари 140-рэ хъу щIы Iыхьэм тетар хъумапIэ теплъэ зиIэ псэуалъэрэ зы къуэдзапIэрэт. Грознэ аэропортым ейуэ къратыжа ПО-2 кхъухьлъати 3-р зезыхьэхэм я унафэщIт Совет Союзым и ЛIыхъужь Мартыновыр. 1949 гъэм ПО-2 кхъухьлъатэу къаIэрыхьэм хохъуэ, а зэман дыдэм Ли-2, Ил-12-хэмкIэ Дон Iус Ростов - Налшык, Грознэ - Налшык, Ил-14-мкIэ Ростов - Минводы - Налшык - Беслъэн - Грознэ хьэуа гъуэгухэр зэIуха мэхъу, республикэм и мэкъумэш хозяйствэм авиацэр къыщагъэсэбэпын щIадзэ. 1961 - 1964 гъэхэм Налшык кхъухьлъэтапIэм и Ли-2, Ил-14, Ан-2, Л-200-хэм Мэзкуу, Дон Iус Ростов, Минводы, Элиста, Волгоград хьэуа гъуэгухэр зэпащIэ.

Абы лъандэрэ дэкIа зэманым граждан авиацэм ди республикэм хьарзынэу зыщиужьурэ къекIуэкIащ. Ауэ иужьрей илъэсхэм къыдэунэ хуа гугъуехьхэмрэ дунейпсо финанс кризисымрэ щытыкIэ хьэлъэм ирагъэуващи, Iуэ хур зэгъэщIылIа IэнатIэ хэм я нэIэ тету, лъэпощхьэпохэр къызэнэкIыным я къарур ирахьэлIэ, абыкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ ерыщу къагъэсэбэп.

БАЦЭ ФатIимэ.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм мэрем кIуам зэIущIэ щекIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ 2009 гъэм министерствэм зэфIигъэкIа IуэхухэМ, апхуэдэуи мы илъэсым къапэщылъ къалэнхэр яубзыхуащ.

●ЗэIущIэхэр

Япэ ирагъэщыпхъэхэр яубзыху

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ**, КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Аминат**, министерствэм и коллегием хэтхэр.

ЗэIущIэр къызэIуихри, щIызэхуэса Iуэхум убгъуауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт**. КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я IэнатIэм 2009 гъэм къыхуагъэува къалэнхэр гъэзэщIэным ерыщу иужь зэритар, зрагъэхъулIахэри зэрымымащIэр къыхигъэбелджылыкIащ министрым.

Къыхэбгъэщмэ, 2009 гъэм и пэщIэдзэм яту щыта улахуэм процент 18-кIэ хэхъуащ, иджыпсту ар цIыхур псэун щхьэкIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину мылъкум нэхърэ нэхъыбэщ, ику иту къапщтэмэ, сом мини 8-м щIегъу. Ауэ сом 4330-рэ къыщамыхь IуэхущIапIэхэри мащIэкъым.

Дызэрыт лъэхъэнэм министерствэм гулъытэ хэха зыхуищIыпхъэхэм ящыщщ улахуэр зэрат Iэмалыщiэр и кIэм нэсу зэтеубла хъуным кIэлъыплъыныр. Абы ехьэлIа лэжьыгъэшхуэ 2009 гъэм республикэм щекIуэкIащ икIи къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм я улахуэ фондыр процент 15-кIэ хэхъуащ.

АдэкIэ министрыр къытеувыIащ я псэупIэ хэмрэ коммунальнэ Iу эх утхьэбзэхэмрэ техуэ пщIэр ятын папщIэ сом мелун 75-м нэблагъэ унагъуэ хуэмыщIахэм зэрыратам, сабийхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным, зегъэгъэпсэхуным федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 17-м щIигъу, республикэ мылъкум щыщу сом мелуани 8 зэрытрагъэкIуэдам.

2009 гъэм ирагъэкIуэкIа щэбэт щIыхьэхум къыхэкIа мылъкумкIэ гъэ еджэгъуэщIэм и пэщIэдзэм зыщIагъэкъуащ унагъуэ хуэмыщIахэм, бынунагъуэшхуэхэм къахэкIа сабийхэм. НыбжьыщIэ 7593-м сом мин зырыз иратащ.

Жьы хъуахэр щапIыж унэхэм, абыхэм щакIэлъыплъ район IуэхущIапIэхэм я Iуэху хьарзынэу зэрыдэкIыр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, абы ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм, хэкIуэдахэм я унагъуэхэм ящыщу цIыху 1579-м зэрызыщIагъэкъуар жиIащ Тюбеевым.

2010 гъэм къапэщылъ къалэнхэм я гугъу пщIымэ, Хэку зауэшхуэм хэтахэу унэ зимыIэхэм ТекIуэныгъэ иныр илъэс 65-рэ щрикъум и пэ къихуэу иратыну я мурадщ. КъБР-м и Президентым къазэрыхуигъэувам тету, министерствэм телъ ахъшэ щIыхуэр икIэщIыпIэкIэ зэрызытрагъэкIыжынур, сабийхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэн Iуэхур мы гъэм щIэуэ зэрызэтраублэнур, абы мылъку зэрыхухахакIэр къызэхуэсахэм яжриIащ министрым.

ДыщэкI Мадинэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ 2009 гъэм министерствэм лэжьыгъэ хьарзынэ зэрызэфIигъэкIар, иджыпсту гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэу къилъытащ улахуэ зэрат Iэмалыщiэм къиша гугъуехьхэр нэхъ псынщIэу къызэнэкIыныр.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Голочалов Николай** 2010 гъэм министерствэр зэрылэжьэну планым къызэхуэсахэр щигъуазэ ищIащ икIи дэщIыгъужыпхъэхэр халъхьэри, IэIэткIэ абы арэзы техъуащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Си еджапIэ - си къежьапIэ

И IэщIагъэр и щIэщыгъуэу

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школым тэрэзу щезыгъэдж IэщIагъэлIхэр и мащIэкъым Дзэлыкъуэ куейм. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкI зэпеуэм хэта, абы щытекIуа ди куей егъэджакIуэ 36-м ящыщу 5-р адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэщ. Абыхэм я еханэу къэплъытэ хъунущ лъэпкъыбзэр илъэс куэд щIауэ сабийхэм езыгъэдж, гъэсакIуэ, унэтIакIуэ Къардэн ФатIимэ. Малкэ къуажэм дэт курыт школ №2-м и лэжьакIуэ пашэ хэм ящыщ Къардэныр егъэджэныгъэмкIэ куей IэнатIэм зи гугъу тщIа къэралпсо зэпеуэм хэтыну къигъэлъэгъуащ.

• Щапхъэ

Къардэн ФатIимэ

КЪАРДЭНЫР егъэджакIуэу зэрылажьэрэ куэд щIами, абы зэи къыIэщIэужагъуэркъым и IэщIагъэр. Езы ФатIимэ зэрыжиIэщи, егъэджакIуэфIу ущытын папщIэ, уи предметым кууэ хэпщIыкIыныр мащIэщ, атIэ ди лэжьыгъэр зэребгъэфIэкIуэным ухущIэкъуу, егъэджэныгъэм къыхыхьэ мардэщIэхэр абы къыщыбгъэсэпэфу ущытын хуейщ. Зэманым декIуу улэжьэн, лъэхъэнэм хуэкIуэ щIэблэ бгъэсэн папщIэ, апхуэдэ жыджэрагъ хэлъыпхъэщ егъэджакIуэ нэсым.

- Иджырей еджакIуэхэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм нэхъ хуэщIауэ щытщ. Ар гурыIуэгъуэщ: щIэныгъэ-техникэм, технологие пэрытхэм я лIэщIыгъуэм абыхэм Iэмал яIэщ я щIэныгъэм лъэныкъуэ куэдкIэ хагъэ хъуэну, езыхэр дэзыхьэх унэтIыныгъэхэм нэхъ хуиту щыгъуазэ зыхуащIыну. Абы къыхэкIыу ди дерсхэм ящыщ куэд дэри къэхутэныгъэ мардэхэм иту доухуэ, лэжьыгъэм къыщыдогъэсэбэп компьютерым и зэфIэкI лъагэхэр, - жеIэ Къардэным. - Т емэр хьэзыру бгъэдэплъхьэкIэ, сабийр щIэныгъэм пхудегъэ хьэхынукъым, ауэ ар езым къебгъэугъуеижрэ и гъусэу къыупщытэжмэ, абы зыхищIэнущ езым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэм кърикIуа «хъерыр» зэрылъапIэр, и гупсысэхэмкIэ здынэса щIэныгъэр зэрыгъунапкъэншэр.

Апхуэдэ Iэмалым Къардэным и лэжьыгъэм зыщригъэужьащ. Аращ абы тегъэщIапIэ ищIар «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм илъэс зыбжанэ и пэкIэ щыхэтами. Абы щыгъуэм ар пашэхэм халъытащ «Дерс-къэхутэныгъэ» унэтIыныгъэмкIэ. Абы и гъэсэнхэм щIэныгъэ куу къыщагъэлъагъуэ, увыпIэфIхэри къыщахь зэпеуэ зэ хуэмыдэхэм. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм егъэджакIуэм и лъэр нэхъри щIагъэкI, Iэмалыщ Iэхэр лэжьыгъэм адэкIи къыщигъэсэбэпыным трагъэгушхуэ.

Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ ныбжьыщIэхэм фIыуэ яригъэлъагъун папщIэ, дерсхэм къадэкIуэу егъэджакIуэм къызэрегъэпэщ класс щIыб лэжьыгъэшхуи. ЕджапIэм Къардэным щрегъэкIуэкI адыгэбзэмрэ литературэмрэ я махуэхэр, усэ къеджэнымкIэ зэпеуэ хэр, тхылъеджэхэм я конференцхэр, лъэпкъ усакIуэхэм, тхакIуэхэм ятеухуа пшыхьхэр. Сабийхэр щыуагъэншэу, къабзэу тхэуэ, я гупсысэхэр екIуу къаIуэтэфу егъэсэнымкIэ абы дэIэпыкъуэгъу къещI тетрадь нэхъыфIхэм, сочиненэ, изложенэ купщIафIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэр.

ЩIэблэр егъэджэным, гъэсэным и гумрэ и псэмрэ етауэ, зэфIэкIрэ къаруурэ иIэхэр лэжьыгъэм ирихьэлIэу и IэнатIэм пэрытщ Къардэныр. Егъэджэныгъэм зэрыхэт илъэс щэщIрэ блым кърикубыдэу егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм зы щIэблэкъым гъащIэм гъуэгу захуэ щытригъэувар. И гъэсэнхэм ящыщ дэтхэнэми езым и псэ къабзагъэмрэ гу хуабагъэмрэ ящыщ хилъхьэфащ егъэджакIуэм. Абы щыхьэт Iохъуэ абыхэм къыхужаIэ псалъэ щабэхэр, къыхуэзэмэ, гуапэу фIэхъус къызэрырахыр.

- Си гъэсэну щытахэм ящыщ куэдым я Iуэху зыIутым сыщыгъуазэщ, нобэми пыщIэныгъэ зыхузиIэхэри мащIэкъым. Абыхэм я ехъулIэныгъэм сыщогуфIыкI, я текIуэныгъэм сроин. Илъэс зыбжанэкIэ иригъэджа, анэ етIуанэ школым зыщыхуэхъуа цIыхум ифI зэхихын нэхърэ нэхъ лъапIэ щыIэ егъэджакIуэм и дежкIэ?! - жеIэ Къардэным. - Абыхэм къытхуаIэ лъагъуныгъэр, къытхуащI пщIэр, нэмысыр икъукIэ лъапIэщ ди дежкIэ.

Нэхъыжьхэм я чэнджэщэгъу, егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я гъуэгугъэлъагъуэ ФатIимэ и лэжьыгъэм гулъытэ игъуэтащ. Абы мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Дзэлыкъуэ куейм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Нэгъабэ абы къыфIащащ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Унагъуэ дахи иIэщ ФатIимэ. Абырэ и щхьэгъусэ ЛатIифрэ быниш зэдагъуэтащ. Сабийхэр пасэу адэншэ хъуащ, ауэ анэ гумащIэм лъэкIащ ахэр тэмэму игъэсэн, щIэныгъэ, IэщIагъэ яритын. ФатIимэ гукъеуэ кърамыту, я Iуэху дэкIыу мэпсэу ахэр. Я нэхъыжьым и гъащIэр хуагъэдахэ и къуэрылъху-пхъурылъху цIыкIухэм. Абыхэм я гуфIэгъуэ илъагъуу, и IэнатIэм ехъулIэныгъэщIэхэр щиIэу а цIыхубз щыпкъэр куэдрэ псэуну ди гуапэщ.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Мусэбий.
Дзэлыкъуэ куей.

• ДифI догъэлъапIэ

ЦIыхупсэр къулей зыщI егъэджакIуэ

Дэтхэнэ цIыхуми и увыпIэр гъащIэм къыщигъуэтыжыфыныр насыпышхуэщ. Абы зи сэбэп хэлъыр езы цIыхум и закъуэкъым, атIэ ар зыхэт гупми я ехъулIэныгъэу плъытэ хъунущ. ИгъащIэми жаIэ егъэджакIуэ, дохутыр IэщIагъэхэм цIыхур къыхуалъхуу, сыту жыпIэмэ дохутырыр Iэпкълъэпкъыр узыншэным хуосакъ, егъэджакIуэм и лэжьыгъэр цIыхупсэ къулеигъэм нэхъ хуэгъэпсащ. А къалэнхэр абыхэм къазэрехъулIэми куэдкIэ елъытащ цIыхухэм я псэукIэр. ГъащIэм пщэрылъ къыщищIа Iуэхугъуэхэм фIы дыдэу пэлъэщхэм ящыщу куэдым жаIэ Лъэужь Каринэ. Ар егъэджакIуэщ. Налшык дэт гимназие № 14-м урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж бзылъхугъэ щыпкъэм пщIэ къыхуащI къыдэлажьэхэми, и гъэсэнхэми, абыхэм я адэ-анэхэми.

НАЛШЫК дэт курыт школ №23-нэр ехъулIэныгъэкIэ къыщиухам щыгъуэ Каринэ зыхуеджэну IэщIагъэр иубзыхуакIэт. Зэрысабийрэ ар ехъуапсэрт егъэджакIуэ лэжьыгъэм, абыкIи щапхъэ къыхуэхъуащ и адэр, и школ егъэджакIуэхэр.

1994 гъэм Лъэужьым къиухащ КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр. А илъэс дыдэми егъэджакIуэ IэнатIэм къалащхьэм дэт гимназие № 29-м щыпэрыуващ. Лэжьыгъэм занщIэу дихьэхащ Каринэ икIи щIэхыу хэзэгъащ. ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэм щIэгъэкъуэн къыхуэхъуащ зыхэхуа гупым и унафэщIхэр, Iуэху зехьэкIэм и щэхухэм щыгъуазэ егъэджакIуэ нэхъыжьхэр. Лъэужьымрэ и гъэсэнхэмрэ зэгъусэу щIэныгъэм и лъагапIэхэм хущIэкъурт: Каринэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хуэIэижь хъурт, еджакIуэ цIыкIухэри, я унэтIакIуэм и щапхъэм ирикIуэу, къапэщылъ къалэнхэр зэрагъэзэщIэным хущIэкъурт.

- А лъэхъэнэр сэ хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ егъэджэныгъэм и Iэмалхэм щыгъуазэ зысщIынымкIэ. КъыхэгъэщыпхъэщI егъэджакIуэм бгъэдэлъ Iэзагъым хэгъэхъуэным гъунэ зэримыIэр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, абы щIэдзапIэ иIэщ, ауэ и кIэухыр плъагъуркъым. А нэщэнэр IэщIагъэ куэдым я «натIэщ», ауэ щIэблэм я гупсысэр узэщIыным, абыхэм щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэным, махуэ къэс зызыхъуэж гъащIэм хуэхьэзыру хэгъэхьэным хуэлажьэ егъэджакIуэм и дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ щиIэщ, - жеIэ Каринэ. - Илъэс зыбжанэкIэ а школым сыщылэжьа нэужь, гимназие № 14-м сыкъэуващ. Iуэху зехьэкIэ дахэкIэ цIэрыIуэ мы еджапIэм щекIуэкI хабзэхэр, IэщIагъэлIхэм я къалэнхэм хуаIэ жэуаплыныгъэр занщIэу нэрылъагъу сщыхъуащ икIи абыхэм сазэрыдэхъуным сыпылъащ.

ФIыуэ илъагъу IэнатIэм пэрыт дэтхэнэми хуэдэу, Каринэ IэнатIэщIэм есащ зэман кIэщIым кърибубыдзу. Зи бзэр дахэ, зи щIэныгъэр куу, гъэсэныгъэ екIу зыхэлъ егъэджакIуэ жыджэрым а псомкIи къыдихьэхащ и гъэсэнхэр. Мы еджапIэм Каринэ гъуэгугъэлъагъуэ щыхуэхъуащ абы и унафэщI щыпкъэ, урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ Дохъушокъуэ Раисэ, абы и къуэдзэхэр, егъэджакIуэ нэхъыжьхэр.

Iуэху зехьэкIэфIым и щэхухэм ухагъэгъуазэр фIы дыдэщ, ауэ егъэджакIуэфIым и гур абыкIэ зэгъа хъуркъым - абы къелъыхъуэ лэжьыгъэр нэхъри зэребгъэфIакIуэ хъуну Iэмалхэр, абыхэм хоплъыхь, я нэхъыфIхэр и дерсхэм къыщегъэсэбэп. Апхуэдэщ Лъэужь Каринэ. Ар егъэджакIуэ-къэхутакIуэщ, егъэджакIуэ-жэрдэмщIакIуэщ, егъэджакIуэ-къызэгъэпэщакIуэщ. Аращ ар гимназием урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэ дджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу щIыхахари.

- Лъэужь Каринэ зи лэжьыгъэм хуэIэижь, иригъэдж предметым и щэху куэдым фIыуэ щыгъуазэ егъэджакIуэщ. Ар мы еджапIэм зэрыщылажьэрэ илъэси 8 хъуауэ арами, егъэджэныгъэ методикэм щIэуэ къыхыхьэхэр дерсхэм къыщигъэсэбэпынымкIэ, ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ куу етынымкIэ, абыхэм хьэл-щэн дахэ яхэлъхьэнымкIэ зэфIэкI лъагэхэр зэриIэр нэрылъагъу къищIыфащ, - жеIэ гимназием и унафэщI Дохъушокъуэ Раисэ. - Каринэ ди школым и егъэджакIуэ пашэхэм ящыщ къудейкъым, атIэ абы и зэфIэкIым щыгъуазэщ къалэм дэт адрей школхэм а предметыр щезыгъэджхэр. Ар иригъэблагъэ егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым къызэригъэпэщ зэхыхьэхэм, егъэджэныгъэ методикэр егъэфIэкIуэным епха нэгъуэщI зэIущIэхэм.

Каринэ щIэх-щIэхыурэ ирегъэкIуэкI дерс зэIухахэр. Апхуэдэхэм деж нэрылъагъу мэхъу егъэджакIуэмрэ абы и еджакIуэхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр зыхуэдэр, нэхъыжьым нэхъыщIэхэр зыхуиущийр. Абы и гъэсэнхэр жыджэру хэтщ еджапIэм къыщызэрагъэпэщ Iуэху псоми. Иджыпсту абыхэм зыхуагъэхьэзыр ТекIу эныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу гимназием щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэм нэсу зэрыхэтынум.

- Сабий псоми зэхуэдэу пхуегъэщIэнукъым уи предметыр: щхьэж езым и псэм нэхъ къищтэм гулъытэ нэхъыбэ хуещI. Апхуэдэу щытми, урысыбзэр адрей предметхэм ещхькъым - абы ухуэмышэрыуэмэ, фIыуэ умыщIэмэ, нэгъуэщI лъагапIэхэм «пкIэлъей пхуедзынукъым». А бзэращ адрей щIэныгъэхэм ухуэкIуэным лъэмыж хуэхъур. Аращ абы еджапIэхэм гулъытэ хэха щIыщигъуэтри, - и гупсысэхэм пещэ Каринэ. - Литературэм и къалэныр нэгъуэщIщ: абы цIыхупсэр еузэщI, гупсысэ жыжьэхэм, куухэм хешэ, гъащIэр къыуегъэцIыху. Мыбдежым егъэджакIуэм и дежкIэ нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэр художественнэ тхылъым еджэным дихьэхыу, абы, хьэуам хуэдэу, ху эныкъуэу, зэджэр я нэгу къыщIагъэхьэфрэ авторым жиIэну зыхуеяр псэкIэ зыхащIэу егъэсэнырщ, гъащIэм щынэхъыщхьэр цIыхугъэр, псэ къулеягъэр арауэ зэрыщытыр къагурыгъэIуэнырщ.

ИпэкIэ иригъэджахэмрэ нобэ зыдэлажьэ ныбжьыщIэхэмрэ зэригъапщэ у, Каринэ жеIэ езы жылагъуэми хуэдэу, щIэблэм ябгъэдэлъ гупсысэми зэхъуэкIыныгъэ зэригъуэтыр. Иджырей щIэблэм уадэлэжьэныр нэхъ тыншкъым, ауэ куэдкIэ нэхъ хьэлэмэтщ. Интернетымрэ техникэ пэрытымрэ я лIэщIыгъуэм егъэджакIуэри абыхэм хуэIэижьу щытын, дунейм, жылагъуэм щызекIуэ гупсысэ пэрытхэм щыгъуазэ зэрызыхуищIыным хущIэкъун хуейщ. НэгъуэщIу хъумэ, егъэджакIуэм и пщIэр нэхъ лъахъшэнущ. Апхуэдэ дуней еплъыкIэр зи гъуазэ егъэджакIуэ пажэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуегъуэтыф еджакIуэх эм ящыщ дэтхэнэми. НыбжьыщIэхэр абы къыдогуашэ зэджагъащIэ тхылъым я псэм къыщигъэу - ша гупсысэхэмкIи, гъащIэм хуаIэ еплъыкIэхэмкIи, мурадхэмкIи.

- Куэдрэ догъэщIагъуэ ди егъэджакIуэм и къэухьым къызэщIиубыдэр куэд зэрыхъур. Каринэ сыт хуэдэ упщIэкIэ зыхуэдгъазэми, абы и жэуапыр къегъуэтыф, сэбэпщ и чэнджэщхэри. ЕгъэджакIуэм дэ дыхуеущий цIыхугъэ лъагэ тхэлъыным, сыт хуэдэ щытыкIэ къызэрымыкIуэ дихуами, напэм демыпцIыжыным, дыкъызыхэкIа лъэпкъым, ди нэхъыжьыфIхэм дахуэфащэу дыкъэхъуным, - жеIэ Лъэужьым иригъаджэ ныбжьыщIэхэм ящыщ ГъукIакъуэ Идар. - ЦIыхум хэлъыпхъэ хьэл-щэн дахэм и щапхъэ екIуухэр Каринэ наIуэ тщещI езым и щапхъэхэмкIи гъащIэми литературэми къыхихыури.

Урысыбзэмрэ литературэмрэ хуэIэкIуэлъакIуэу зэрыщытым и закъуэкъым Лъэужьым и гъэсэнхэр къызэрыдихьэхыр. Абы фIыуэ ещIэ инджылызыбзэр, хуэшэрыуэщ испаныбзэм, хещIыкI нэмыцэбзэм. Хамэ къэралыбзэхэм ар дихьэхауэ щытащ школ ныбжьым щитам, ауэ ноби ахэр IэщIыб ищIыркъым, а бзэхэмкIэ тха тхылъхэм кьоджэ, хуей хъумэ, иропсалъэ.

Нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми ядохъу хьэл-щэн дахэ зиIэ цIыху гъэсар, дэтхэнэми пщIэрэ нэмысрэ яхуищIу, апхуэдэ гулъытэ езыми игъуэтыжу. Апху эдэ фIыгъуэ хэм я къежьапIэр, дауи, унагъуэращ. ЦIыхугъэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ щагъэпажэ, щIэныгъэм пщIэ щыхуащI унагъуэщ Каринэ къызыхэкIар. Абы и адэ Анатолэ Тэрчыжь и Iуфэ къыщалъху а, Тэрч къалэ къыщыхъуа, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм зи гуащIэ куэд хэзылъхьа цIыхущ. И анэ Татьянэ и IэщIагъэкIэ дохутырщ. Апхуэдэу Каринэ и гъащIэм увыпIэшхуэ щаубыдащ и адэшхуэ-анэшхуэм. Абыхэм я куэщI ирапIыкIащ ар икIи нэхъыжьхэм къыхалъхьа Iущыгъэмрэ зэхэщIыкIымрэщ гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуауэ илъытэр.

- ЖыпIэнурамэ, си сабиигъуэр насыпыфIэ сщызыщIар си адэшхуэ-анэшхуэращ. Си гум IэфIу къинэжащ абыхэм сызыщIагъэдэIуа таурыхъхэри, сагъэшха лэкъум хуабэри, къыздалъа я Iэ щабэхэри, - жеIэ Каринэ. - Си гъэсэнхэр хузоущий нэхъыжьым пщIэ, гулъытэ хэха хуащIыным, адэшхуэ-анэшхуэхэм я жагъуэ ямыщIыным, уасэ зимыIэ я чэнджэщхэм щIэдэIуным. ГъащIэм мыхьэнэшху э щиIэщ щIэныгъэм, ауэ гъэсэныгъэр нэхъапэжщ.

И хъуэпсапIэхэр къехъулIэну ди гуапэщ Каринэ. Апхуэдэ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэхэр дызэримымащIэм гушхуэныгъэ къытхелъхьэ. Ауэ щыхъукIэ, абыхэм я нэIэм щIэту балигъ гъащIэм хыхэ ди щIэблэри зэфIэкI лъагэ зиIэ, мурадыфIхэр зи плъапIэ цIыху зэрыхъунуми шэч хэлъкъым.

КЪАРДЭН Маритэ.

Лъэужь Каринэ

Лъэужь Каринэ и дерсхэр.

• Iуэху еплъыкIэ

Лъэпкъым и щIэнгъуазэ

Иджыблагъэ илъэси 10 ирикъуащ «Адыгэбзэ псалъалъэ» тхылъыр дунейм къызэрытехьэрэ. Сэ къызэрысщыхъумкIэ, ар псалъалъэ къудейкъым, атIэ лъэпкъым и тхыдэр, хабзэхэр, дуней еплъыкIэхэр, гупсысэхэр бзэ къулейкIэ икIи хьэлэмэткIэ къыщыгъэлъэгъуа щIэнгъуазэщ.

ПСАЛЪАЛЪЭР ди анэдэлъхубзэм и псалъэгъэнахуэщ, нэхъыбэу къызэщIиубыдэри къэбэрдейшэрджэс адыгэхэм зэхуэдэу къэдгъэсэбэп лексикэрщ. Абы къыдэкIуэу тхылъым итщ фразеологизмхэр, жылагъуэ-политикэ лексикэр, щIэныгъэ-техникэ фIэщыгъэцIэхэр, жьы хъуа псалъэхэр, псалъэщIэхэр, адыгэбзэм и диалектхэм къыхахари щымащIэкъым. Псалъалъэм щыгъэнэхуа дэтхэнэ псалъэм и мыхьэнэри ар къэзыгъэсэбэпым нэхъ гурыIуэгъуафIэ щыхъун папщIэ, абыхэм ящIыгъущ щапхъэ гъуэзэджэхэри.

ФIыуэ зэхэгъэува хъуащ псалъалъэр, атIэми ар дунейм къызэрытехьэрэ блэкIа илъэси 10-м къагъэлъэгъуащ ар иджыри нэхъыфIыж пщIы зэрыхъуну Iэмалхэр зэрыщыIэр. Адыгэ псалъалъэм нэсу щыгъуазэ зысщIащ сэ икIи апхуэдэ хэкIыпIэ зыбжанэ белджылы къэсщIащ. СызэреплъымкIэ, тхылъыр етIуанэрей къыдэкIыгъуэм щыхуагъэхьэзырыжкIэ, абы елэжьыну пщэрылъ зыхуащI щIэныгъэлI гупым мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм гу лъатэн хуейщ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми псалъалъэр нэхъ къулей, купщIафIэ, шэщIа ищIыну си гугъэщ. Япэрауэ, псалъалъэм къызэщIегъэубыдэн хуейщ адыгэбзэм и псалъэ нэхъыбэж. Абы имыхуэу къэнащ ди бзэм щыщ псалъэ куэд. Абы итхэн хуейщ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я псалъэхэу къэбэрдеибзэкIэ тхуэзэмыдзэкIхэр. Псалъэм папщIэ, «ахъуэ» - олифэ, «Iэпкъуахъуэ» - банан, «къэхьэуэ» - кофе, какао, нэгъуэщIхэри. Ар томитIу зэщхьэщыхауэ къыдэгъэкIыжыпхъэщ, и бжыгъэми зыбжанэкIэ хэгъэхъуапхъэщ.

Урысыбзэм и псалъэгъэнахуэ псалъалъэм хамэ къэралыбзэхэм къахэкIыу абы хыхьа псалъэ мин 40-м щIигъу ихуащ. Абыхэм ящыщ куэд адыгэбзэми къищтащ, ауэ щыхъукIэ, сызэригугъэмкIэ, абыхэми псалъалъэм щIыпIэ къащылъысыпхъэщ.

Апхуэдэу, зэрытха бзэ елъытауэ псалъалъэр лIэужьыгъуитху дунейм къытегъэхьапхъэщ: адыгэбзэ-урысыбзэ (ар иджыпсту щыIэращ), адыгэбзэ-адыгеибзэ, адыгэбзэ-тыркубзэ, адыгэбзэ-хьэрыпыбзэ, адыгэбзэ-инджылызыбзэ.

Псалъалъэр нэхъри зэребгъэфIакIуэ хъуну нэгъуэщI Iэмалхэри зэрыщыIэм шэч хэлъкъым. Си псалъэмакъым зыгуэрым къыпищэну хуеймэ, абыкIэ сэбэп хъуну къысщохъу «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцIхэр. Ди лъэпкъ псалъалъэр ефIакIуэмэ, ар нэхъри щхьэпэ щыхъунущ адыгэбзэр щадж IэнатIэ псоми (пэщIэдзэ, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, н.), апхуэдэу газетхэм, журналхэм, радиом, телевиденэм.

ДЖАТОКЪУЭ Юрэ,
егъэджакIуэ, лэжьыгъэм и ветеран. Аруан куей.

• ГъэсакIуэм и чэнджэщхэр

Узыщцышынэн хэлъкъым

Курыт еджапIэр къэзыух ныбжьыщIэхэм я гъащIэм илъэс зыбжанэ и пэкIэ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр къыхыхьащ. НыбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр къызэрапщытэ а иджырей щIыкIэм и телъхьэхэми и бийхэми дарохьэлIэ, ар егъэфIэкIуамэ, Iэмал хъарзынэу къэзылъытэхэри щыIэщ.

ЯПЭРАУЭ, фIы гуэр зыхэмылъи дагъуэ зимыIи цIыху щыIэкъым. Зыуэ щыт къэрал экзаменым и хабзэхэри зэхэзылъхьар цIыхущ: егъэджакIуэщ, еджагъэшхуэщ, профессорщ, академикщ. Аращи, бгъэщIагъуэ хъунукъым курыт еджапIэр къэзыуххэм я щIэныгъэр зыхуэдэр а щIыкIэм тету къэпщытэным фIым къыдэкIуэу ныкъусаныгъэхэри зэрыхэплъагъуэр.

ЕтIуанэрауэ, Зыуэ щыт къэрал экзаменым еджакIуэм и зэфIэкIыр, и щIэныгъэр урысыбзэмкIэ, литературэмкIэ къимыгъэлъэгъуэфыну жаIэ языныкъуэ егъэджакIуэхэм. Сэ абыкIэ сыарэзыкъым. Дерс гъэгупсысыт, щIэныгъэ зыбгъэдэмылъ еджакIуэм жэуап иритыфыну пIэрэ ЕГЭ-м «А»-кIэ дызэджэ япэ Iыхьэу упщIэ 30-у зэхэтым, етIуанэ Iыхьэу «В1» - «В2» жыхуэтIэу япэ гупым нэхърэ нэхъ гугъум, абыхэм къакIэлъыкIуэ «С» нэхъ гугъужым. Мыбы щыгъуэм еджакIуэм зэфIэкIыу иIэр лъэныкъуэ 26-кIэ къапщытэ: «А», «В» Iыхьэхэм къагъэув къалэнхэм еджакIуэр пэлъэщын папщIэ, абы ищIэн хуейщ урысыбзэм и хабзэхэр. Ещанэ Iыхьэу «С»-кIэ дызэджэм тхыгъэкIэ кърапщытэ орфографие, нагъыщэ гъэувыкIэ, бзэр игъэшэрыуэным, и Iуэху еплъыкIэр къигъэлъэгъуэным, н.къ. еджакIуэм щыхуэзэфIэкIхэр. (Пэжщ, языныкъуэ предметхэмкIэ «С» Iыхьэм къыщыхьа лэжьыгъэхэм егъэлеяуэ гугъу дыдэхэр хэтщ.)

НэрылъагъущI: лэжьыгъэхэм жэуап кIэщI е убгъуа иритурэ, дэтхэнэ зы еджакIуэми и щIэныгъэри и зэфIэкIри къигъэлъэгъуэну Iэмал егъуэт. УрысыбзэмкIэ ЕГЭ-м ехъеехуэу зэхэгъэуващ адрей предметхэмкIи лэжьыгъэхэр.

Зыуэ щыт къэрал экзаменыр ди гъащIэм кууэ хэпща зэрыхъуар хьэкъщ, ауэ адэ-анэхэри сабийхэри абы щыгъэшынэн щыдгъэтыркъым, абы делъэпэуэну яужь дитщ. Сыт щхьэкIэ? ФIы и лъэныкъуэкIэ зыри хэмылъу пIэрэ мыбы? Сэ сызэреплъымкIэ, хэлъщ. Псом япэрауэ, еджакIуэм экзамен тIуащIэ итыркъым: а зы экзаменымкIэ абы курыт еджапIэр къеухри еджапIэ нэхъыщхьэми щIотIысхьэ. Ар фIыщ. Апхуэдэу куэдым къалъытэ ЕГЭ-р нэгъуэщI еджапIэ зэрыщекIуэкIыр, егъэджакIуэ мыцIыхухэр къазэрыщыкIэлъыплъыр сабий псантхуэм зэран хуэхъуу, абы школакIуэхэм я зэфIэкIыр игъэлъахъшэу. Апхуэдэу жызыIэхэм ящыгъупщэжауэ къыщIэкIынщ япэм щыгъуэ зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр зэрекIуэкIыу щытар. Курыт школыр къэзыуха ныбжьыщIэр нэгъуэщI къалэм кIуэуэ, еджапIэ нэхъыщхьэм и унэ мыцIыхум щIыхьэу, зэи имылъэгъуа езым хуэдэхэм я гъусэу доцент, кандидат, профессор мыцIыхухэм я пащхьэм экзамен щитын хуейт, къыIэрыхьа билетым итхэм нэмыщI абыхэм я упщIэ гуэдзэнхэми пэлъэщын хуейт. Уегупсысмэ, ап-хуэдэ экзамен тыкIэр сабийм и психикэм куэдкIэ нэхъ зэран хуэхъуу къыщIэкIынут. Мыбдежми нэрылъагъущ ЕГЭ экзамен тыкIэр ипэкIэ щыIам зэрефIэкIыр: экзаменыр курыт еджапIэм щатри, ихъуреягъыр я нэIуасэщ, езыгъэ кIуэкIхэри егъэджакIуэхэрщ, мыцIыхуми. Зыми и пащхьэм уитIысхьэу жэуап птыркъым, лэжьыгъэхэмрэ упщIэхэм я жэуапхэмрэ зэрыптхэну бланкхэр уи пащхьэ илъщ, узыпэмыплъа, узыгъэбэлэрыгъын, ухэзыгъэзэрыхьын упщIэ кIэрыдзэнхэр щыIэкъым. Уи щIэныгъэр къэгъэсэбэпи, балл бжыгъэ къэлэжь - зыри зэран къыпхуэхъуркъым.

Зыуэ щыт экзаменыр щекIуэкI махуэм зыпэмыплъа Iуэхугъуэ Iэмалыншэ къыкъуэкIамэ, ари къелъытэ мы экзамен тыкIэм. Апхуэдэхэм папщIэ махуэ хэха яубзыху.

Дауи, ЕГЭ-м псори щызэIубзу пхужыIэнукъым. Псалъэм папщIэ, урысыбзэ экзаменыр тыным, математикэм елъытауэ, хухах сыхьэт бжыгъэр нэхъ мащIэщ. Сыту пIэрэ апхуэдэу щIыщытыр? ГурыIуэгъуэкъым. Курыт школыр къэзыухыр усакIуэ е тхакIуэ хьэзыркъым а зы дакъикъэм зэджа тхыгъэмкIэ и щIэныгъэри къигъэлъагъуэу, гъащIэм и нэгу щыщIэкIа е зэджа зыгуэр къигъэсэбэпурэ пса-лъищэрэ щэ никъуэрэ нэхърэ мынэхъ мащIэ хъу, екIуу зэкIэлъихьа, щыуагъэ зыхэмыт сочиненэ тэмэм зы сыхьэтрэ дакъикъэ зыбжанэм кърихубыдэу итхыфыну. Абы щыгъуэми зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым а тхыгъэм и фIагъыр унэтIыныгъэ 12-кIэ къызэралъытэнур. Дэтхэнэ зымкIи еджакIуэм зы балл-баллитI къилэжьыфынущ. Абыхэм къыхэкIыу урысыбзэ экзаменым зэману хухахыр нэхъыбэ щIын хуейуэ къызолъытэ.

КъимыдэкIэ, тэмэму пIэрэ курыт школыр къызэриухамкIэ аттестат еджакIуэм кърамытын папщIэ, Iэмал имыIэу ЕГЭ щIыкIэкIэ абы экзамен гуэрхэр итын хуейуэ къызэрагъэувыр? ЕджапIэ нэхъыщхьэ щIэмытIысхьэнумэ, е илъэс зы-тIу дэкIмэ щIэтIысхьэну и мурадмэ е щIэныгъэ IэнатIэм нэхърэ гуащIэдэкI лэжьыгъэр нэхъ фIэфIмэ-щэ? ЖысIэну сызыхуейращи, шэч хэмылъу, и щIэныгъэр къызэрапщытэну езым нэхъ къищтэ щIыкIэм хэдэну цIыхум Iэмал иIэн хуейщ.

Зыуэ щыт къэрал экзаменым зыхуэгъэхьэзырыным и гуащIэгъуэщ иджыпсту. Абы къыхэкIыу еджакIуэхэм, пщIэ зыхуэтщI адэ-анэхэм вжесIэну сыхуейщ а щIэныгъэ къэпщытэкIэм шынагъуэ зэрыхэмылъыр, абы тэмэму зыхуэгъэхьэзырын хуейуэ аркъудейщ.

Сабийхэм я къэухьым зрагъэужь

Илъэс 30-м щIигъуауэ Къамылыкъуэ дэт курыт школым пэщIэдзэ классхэм щIэс ныбжьыщIэ цIыкIухэм я егъэджакIуэу щолажьэ Кхъуэныхь Ритэрэ Бацэ Людмилэрэ. Ахэр яужь ит зэпытщ гъэсэныгъэ дахэрэ щIэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ щIэблэ къызэрагъэтэджыным.

АБЫХЭМ сабийр щIэныгъэм драгъэхьэх я дерс купщIафIэхэмкIэ, ахэр щIэщыгъуэ ящI къагъэсэбэп методикэ IэмалхэмкIэ. Зытепсэлъыхьыр сабийм и гум нэхъ псынщIэу зэрыриубыдэн, гурыIуэгъуэ ящызыщIыфын хэкIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къагъуэт.

ЛэжьакIуэр гумызагъэмэ, и IэнатIэм гурэ псэкIэ бгъэдэтмэ, зыщIэхъуэпс лъагапIэм лъоIэс. Апхуэдэу егугъуу мэлажьэ Ритэрэ Людмилэри. Абыхэм я дерс егъэкIуэкIыкIэр ялъэгъуащ районым щыщ къэпщытакIуэ IэщIагъэлI куэдми, сытым и дежи абыхэм гунэс ящохъу ахэр зрихьэлIэ урокхэр.

Сабийм гъэсэныгъэ нэс бгъэдэплъхьэныр дерс ебгъэкIуэкI къудейкIэ зэфIэкIыркъым. Абы фIыуэ щыгъуазэщ Ритэрэ Людмилэрэ. Аращи, урок купщIафIэхэр ятым и мызакъуэу, абыхэм щIэхщIэхыурэ ягъэхьэзыр классщIыб лэжьыгъэхэри. Апхуэдэ зэхыхьэхэм сабийхэм я къэухьым зрагъэужь.

ЕгъэджакIуэхэм я лэжьыгъэр псыхэкIуадэ хъууэ пхужыIэнукъым, сыту жыпIэмэ, районым къищынэмыщIа, республикэ зэхьэзэхуэхэми ягъакIуэ цIыкIухэм куэдрэ увыпIэ пажэхэр къыщыхуагъэфащэ.

Апхуэдэуи къыжыIапхъэщ а егъэджакIуэ гумызагъитIым я гъэсэнхэм я адэ-анэхэри къазэрыхуэарэзыр, фIыщIэ псалъэ куэд абыхэм яхуэгъэзауэ зэрыжаIэр. Я лэжьыгъэфIым папщIэ абыхэм зыбжанэрэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр.

Бацэ Людмилэ дерс ирегъэкIуэкI.

КУЭЦЭ Ларисэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

●Пшыхьхэр



«Гъэм и зэманхэр. Щымахуэ»

Уэс къыщесым, псори даущиншэщ. Щымахуэ щыIэм имыгъэщхьэхыу а пшыхьэщхьэм театрым къыщыIэзэхэсэр псалъэншэу игъэсабыру, театр утыкуми къыщюс уэс. Щымахуэ уэсыбэм и дэтхэнэ махуэри дахэщ: дыгъэр къыщепскIэ, хьэурееягьыр абы доощIыпщI, уэс къыщесращи, умыусакIуэмэ, унигу зригъэбгъэжу, зы тетыдджэ гуэрым укъыхэхута къыщыгъэ хьу. Уеблэмэ жэщым и кIыфIри пэтъэщкъым уэсым и къабзагъэм, нэхумрэ хужьымрэщ дунейм щытепщэри, щыIэри апхуэдэу шынагъуэжькъым...

ГЪЭМ и зэманхэм теуха уэсэ пшыхьхэр кьыIэтIэпэщыныр хабзэ дахэу зэраублам тету, щымахуэр зэхуапIалъэу бжьыхьэм зэбгрыкIыжахэр къыщIэзэхуэсат Къьбэрдей драмэ театрым и пэшышхэм.

- Арати, щымахуэм и курыкупсэм дыщIэзэхуэзэжащ, - жIэ уэсэ пшыхьэ езыгъэкIыжкIа **Гъэм Маринэ**. - Дунеймэ шыкьыдащIри, итъэсыщIэ жэщым къемыса уэсыр нобэ дигъэпъагъужащ.

Пшыхьыр кьыIэтIэпэщныр зи жэрдэм «Жан» бзыльхугъэ зэгухьэныгъэм Iуэхур кьыддэкIыгъахэм я щIэ кьыщриIуэри, Гуэ Маринэ кьыхигъэщащ адыгэ театрым и артистхэмрэ СКГИМ-м и студентхэу КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ Балькъэр Тамарэ и гъэсэнхэмрэ. Адэкlэ ар тепсэлъыхьащ гъэм и зэман дыдэзырытым халъхьа щIыхь щIэрыIуэхэм, жылагъуэщэнхабзэ лэжьакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм.

Щымахуэр щIыхь зэчиифIэхэмкIэ бейуэ кьыщIэкIащ. Дыгъэбзаэм кьалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Сосмакъ Валентинэ**, СССР-м и щIыхьэ артист, дуней псом кьыщащIыху дирижер **Темыркъан Юрэ**, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Балькъыз Валерэ**, Щоджэнщ1ыкIу Алий и щIэныгъэзыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **КIэхумахуэ ФатIимэ**, КъБР-м и щIыхьэ ар тист **Нэхущ Чэрим**, илъэс 70 зэрырикъуамкIэ махуэшхэр игъэлъэпIащ КъБР-м и щIыхьэ сурэтыщI **КIыщ Мухьэдин**. ЩIышылэ мазэм дунейм кьытехьахэщ ди республикэми Урысейми щыщIэрыIуэ, щIыпIэ куэдым зи макъ щыIуэ уэрэджьIакIуэхэу **Гъэсашэ Натальерэ Тут Зауррэ**, кинорежиссер цIэрыIуэ **Вэрокъуэ Владимир**, КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал телевиденэм и унафэщI **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Лосэн Тимур**, я юбилейщ сурэтыщIхэу **Бгъэжьнокъуэ Заурбэчрэ Зэхьэхъу Валерэрэ**. ЩIышылэм и 6-м илъэс 75-рэ ирикъуащ **Къагурымэс Борис** апхуэдэ ныбжь дахэм нэблэгъащ егъэджакIуэ, сабий усакIуэ **Щоджэн Леонид**, и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъур егъэпIалъэ тхакIуэ, журналист **Жылэтеж Сэлэдин**. ЩIышылэм и 29-р и махуэ къыпIэщ КъБР-м и щIыхьэ артист **Думэныщ Iуэлэдинрэ** театрым и режиссер, КъБР-м и щIыхьэ артист, Урысей Федерацэм гъуаздджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Теувэ ж Сулътанрэ**. Мазае мазэм халъхуащ композиторхэу **Жырыкъ Зауррэ Хьэпуэ Джэбрэилрэ**, уэрэджьIакIуэхэу **Мэремыкъуэ Хьэсенрэ Сокъур Ольгэрэ** ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэ **КъуэуIуфэ Хьэчим** илъэс 86-рэ ирокъу УФ-м и щIыхьэ артист, КъБР-м и щIыхьэ гимнри зыгъэ композитор **Кьардэн Хьэсэн**, мазаем и 22-р КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен** кьыщалъхуа махуэщ.

Зи цIэ кьаIуахэми щIымахуэм халъхуа ди лъахэгъу псоми пшыхьмэ езыгъэкIуэкIыр гуапэу ехьэхьуа нэужь, утыкум кьраГъэблэгъащ КъБР-м и щIыхьэ артист, композитор щIэрыIуэ икIи усакIуэ **ХьэIупэ Джэбрэил**. Абы и гуапэу сыныр Iэдакъэщ1экIэм, Жан» бзыльхугъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэ, «Горянка» газетым и редактор нэхьащхьэ **Кьаныкъуэ Заринэ**, Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и режиссер нэкьыщхьэ **Гумэ Маринэ**, икIи жиIащ Iуэкур Къэбэрдей театрым и утыкум зи пшыхькIэ щIызэфIэмыкIыу, кьуажэ курыт еджапIэхэм яхуэшэн хуейуэ кьызэриIыьтэр.

- Мыпхуэдэ уэсэ пшыхьхэр дахэщ, щхьэпэщ, уасэ зимыIэт ахэр кьуажэхэм тхуэшатэмэ, - жиIащ Хьэпуэ Джэбрэил. - Адыгэбзэм и гуащIэм махуэ кьэс кIэроху. Ар кьызэтезыгъэнэн Iэмалхэм ящыщ хъуфынут мыпхуэдэ зэхьыхьэхэр. Дунейм нэхъ махэ дыдэу тетыр бзэращ. Адыгэбзэр кIуэдмэ, лъэпкъ театри уиIэкъым, литературри музыки ухуеижькъым.

ХьэIупэм итха музыкэр кьэIуурэ и усэхэм езыр кьеджащ, макъамэбзэм кьыIуэтэ гурыщIэм усэбзэкIэ сурэт хунщIу. Нэхъыжьым и псальэр нэхъыщIэми Iурылъщ, жаIэ. Адэкlэ утыкур хуит хуащIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Балъкъэр Тамарэ и гъэсэнхэу СКГИИ-м щеджэ артист ныбжьыщIэхэм. ЩIымахуэм кьарит гуКъыдэжкIр игъэпъагъуэу, уэскIэ зэзэуэу, зэрыльхьэрийуэ щIалэхэмрэ пщащIэмрэ утыкум кьихьащ.

ЩIымахуэ усэкIэ нэхъ кьуленуэ кьыщIэкIащ Iуэрэзей Афлик, Абы итхахэращ нэхъыбэу студентхэр кьыщэджар. **Хьэхъупащ1э ФатIимэ, Дышэкl Артур, Тет Дианэ, Бейтыгъуэн Жамболэт, Бикьэдыгъу Дианэ** усэхэр. КъБР-м и щIыхь зиIэ артисткэ **Щэрмэт Людмилэ**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэхэу **Бжьымых Бэлэрэ Хьэмыку Жаннэрэ**, Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и артистхэу **КIэжумахуэ ФатIимэ, Хьэмырзэ Ахьмэд** сыныр сценэм кьеджащ Тхьэгъэзит Зубер, Нало Заур, Гъубж Мухьэдин, Иуан Бубэ, Бицу Анатолэ, Хьэх Сэфарбий, Кьунькъ Хьэпишэт сыныр я Iэдакъэщ1экIэм. Усэ пшыхьэр игъэдэхащ КъБКъУ-м уэрэдмкIэ и театр «АМИКС» гупымрэ абы и художественнэ унафэщI **Кьуал Амиррэ**, СКГИИ-м макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ и кьудамэм щеджэ **Шестак Иринэ** (скрипкэ), а институтыр диплом пльыжькIэ кьэзыуха, Санкт-Петербург дэт консерваториемрэ и аспирантурэм щеджэ композитор щIалэ **Къэбэрдокъуэ Муратэ** сыныр.

Пщыхьэщхьэр кьызэрэгъэпэщыным елэжьа гупым кьабгъэдэкIыу Кьаныкъуэ Заринэ кьызэхуэсасэм фIыщIэ яхуищащ, кьадэIэпыкъуэхэм и щIэхэри и гуапэу кьыхигъэщащ. Абыхэм ящыщ зыт Щоджэнщ1ыкIу Алий и кьэурыльхъу Заур.

НЫБЖЬ Тансэ.



Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

Щымахуэ

Дыгъуасэ щхьэгум кьита уэсым
Сроку1э нобэ и гущIыум.
Ауэ ар бзаджэщ:
Пытыку и псэр
Уригъэсыну хэтщ и щыIэм.

Ипльэт ди хадэм -
Жыг хэтсахэр
ЗэфIэдыкьыуэ кьэнащ щыму.
Ди уэрам пкьохэм пыщIа кIапсэр
Игъэдияуэ мэгурымыр.

ЛьокI уаем куэди -
ЗещIыр щIагъуэ:
Ди псыкьхэм я жьэр мылкIэ Iуещ1э.
... ИхьуреягькIи сэ щысльагъукым
Си гугъэм фIэкI хуэмыгъэпIыщэ.

Япэ уэс

Гъэмахэ уафэм ита вагъу щыкIуэр
Я фэр пыкIауэ щIым кьыхуэкIуэ
сфIощI,-
Зэпыльхэм я гур ящIу зэхуэщабэ,
Уэс IэшкIэ щыкIуэхэр щабэу уафэм
кьох.

КьаIэщIэхуащ ди жыгхэм тхьэмпэ
гъуахэр...
Уи псальэ гъуэжьхэр си гум
пощIэщыж.
Уэс кьабзэм си гур сабиигуу кьабзэ
ЕщIыж.
...Мыгувэу кьытхуэкIуэну гъатхэм,
Сэ псальэ щхьэантIэ кьысхуихьынкIи
хьунщ.

ХЬЭIУПЭ Джэбрэил

Щыщуэсыр есу уэм щокIуасэ,
Щыщуэсыр кьесу нэху согъэщ.
Таурыхь зэмыщхьу щхьэм кьитIасэм,
НэщIапхьуэ сIыгъыу кьысфIегъэщI.

ЗгъэщIам и дахэр зы жэщ-махуэу
Щымахуэ щыIэм кьыхуэупщIы.
Щыщу эсым жесIэр, псэм и щэхуу,
Сурэту абджьм кIэрещIыхь.

НэщIапхьуэ Iуэхуми - гъуабжэгъуэщу,
Таурыхь зэмыщхьэр мэкIу эдыж.
Щхьэгъубжэ Iупхьэуэм нур кьыкьуэщIым
Даущым си псэр щыхуедыж.

* * *

Нобэ уэс кьесым и санэхуафэщI
Афэ хужь жьычыр щIым ешэкIащ.

ЗэщэкIа жьыгэр щIыIэм кьегъафэ,
Кьафэ лъэльэжым хуэзрыкIа?

БлэкIа гъэмахуэм щэхуу хуощхьидэ,
Хадэм ипльэжи - жэпкIыр щофий.
Уафэ эужьащхьуэм хуэн хэуа х уэдэщ...
Дуней динжьым псэр егъэдий.

* * *

Сыдопльэ щхьэгъубжэм. Кьосыр уэс,
Уэс нальэр щIым хуэсакьыу
Кьудамэ кьэс уэрэд яус;
ЩIаупскIэу псальэ закьуэ...

А псальэ закьуэм кьопхьуэ кьуаргъ,
Кьуаргъ упщIэ яжьэфащ...
Мэщащэ абджьм, жыгыр магъ,
И гъэзгу тохьэжьыр жьапщэр.

ГЪУБЖ Мухьэдин

Кьекlащ уафэр нэху утхьуауэ,
Парким жьыгыу нтхэр тхьуауэ -
ткIийм я ткIийуэ
кьэсащ щIыIэр,
кьуалэбзуэхэр егъэгуIэр,
Бэнхху жьыгэр ящIащ бгыпэ,
псым мыл уанэр трекъуэр.
Кьыкlащ зэщIэ абы и пхъэр -
хельхьэ абджьхэм тхьипхьщIыпхьэр.
ЩIыпэр щыскьым зиудыгъуауэ -
уэсчэсейуэ зиубгъуауэ
уи псэгъуэгъуэм кьыщIопщауэ,
епхьыр сытхъур бжьэ къэпщIащ.

Щымахуэ

Уэс Iэрахэр зэIепщIыкIри,
Жьым ар узгум щеудэж.
Цы Iэрыльхьэу кьрехьэхри,
УпщIэ хужьу егъэпцIэж.

ЩIэфижьу жьыр етащи,
Щындэбзийхэр кьепхьэнкIыж;
Гъуэгур гъуджэу уджьджащи,
Утехьамэ, льэм уимыхь.

Нобэм и фэр пыхьэ-пыкIыу,
уэс кьауцэр зэрипхьэкIыу
уэгум и пIэм кьретхьухьар-
и щащыхур кьрепхьухьр.
Дыгъэр щIоуэ и нэм бжэгъуу,
нубыдаду дунейр егъуу
адкIэ-мыдкIэ кьыщокьугъыр,
щIым и щхьэфэм иотIыхь, иогъур.
Зэм зыкьещIри борэн пакIэ,
жьыхъапхьэншэу щIым щопхьанкIэ...
Ауэ гъатхэр кьэсым, щIыIэ,
пэлъэщIыр кьаргъ умыIэ!

НАЛО Заур

Бетэмал, сIам льэрыжэ,
ЗыщIэпэнти сытехьэнт.
Сэ уэс тепхъэр пэкIэ тхъуами,
КьэстхъуэщIыжьу кьэзжьыхынт.

Цы Iэрыльхьэу уэсыр кьохри,
ЩIыльэр ещIыр упщIэ льэгу;
Ягъэ кIынкьым, игу кьыдожри,
И щIалэгъуэщ, иреджэгу.

Щымахуэ уаем

И сытхъу-нэбжьыщэр кьызэIусэу,
Iэплlэ щIымахуэм кьызэишэкIт...
СиIар ж эщ хьужкIэ у аерщ гъуСэу,
ИтIани сылэжьэну слъэкIт!
ЗгъэщIагъуэрт сызэрымыпIыщIэр,
Бахьейр сэ кьысщхьэщих зэпытт.

ХЬЭХ Сэфарбий

...сыкьыщысыжьым, укьысIоущIэ,
Кьубжэ дыхьэпIэм дёж ущыIтт.
Зэ уи гум сызэрипсычыуари
Уи гузэжьэкIэмкIэ кьэпщIэнт.
Арат сэ сыщIэмыпыщIари -
Упу ху абэм силъу кьыщIокIынт!

Къосыр уэс

Къосыр уэс...
Кьос жьыгъэм кьрихьэкIыу,
ПащIэу, щабэ у...
ЩIылъэ псор еуфэбгъу.
Сэ уэращ,
Уэ зырщ сиг у нобэ кьэкIыр -
Уэ кьыщесыр у эсыр фIыуэ плъагъут.

Къосыр уэс...
Кьыстосэ ар си закъ уэу,
Уэ нэгъу эщIым
Иджы удэщIыгъущ.
Фыхэт хьунщ мы уэсым

БИЦУ Анатолэ

Фи щIэщыгъуэу...
Уэ кьыщесыр уэсыр фIыуэ плъагъут.

Къосыр уэс...
Уэ си гум укъэкIауэ,
Гурыгъ у мафIэ щэхум
Си бгъэр ес.
Сэ уизгъэхужьнут сигу
Кьэд щIауэ,
Ауэ,
Къосыр уэс...
Уэсыр кьос...

Щымахуэр теплъэгъуэ

Пщэдджьыжьыпэм сыкьыдопльыр
Си щхьэпхъбжэм - си нэмрэ щIокI:
Адэм бом кьыщIеш пщIэгъуэплъыр,
Анэм джэдхэр кьыщIегъэкI.

Уэс Iэмбатэр зи бгъэнащхьэ
Бэкхъым жэмыр кьыщIобу.
Дыгъ уэныгурэ щатэу, хущхьэу,
Хуэмурэ зеплъыхь джэдум.

Жыг гъырнэIуу щытыгъахэр
Хужьщи, пфIощIар кьэгъэгъа.

УЭРЭЗЕЙ Афлик

Уи гугъэнт кьэсауэ гъатхэр,
Мы уэс кьесыр мыхьугъам.

Кьуаргъыжь гуэрэ дэшхуей щхьэкIэм
ЩищIа абгъуэм щIыIэм щес.
Пщэдджьыкьшхэ ищIын щхьэкIэ
Гъэгу ищIыну йопупсыс.

Хадэм ильщ изыбзэу уэсыр,
Дадэ пщIантIэм щетхъур уэс.
Ауэ уэсыр кьосри кьосыр,
Кьосри кьос льэгуажьэм кьэс.

Щымахуэр къэсащ

Кьэсакlэщ щымахуэр,
Щымахуэр кьэсащ.
Уэс Iувыр хужьыбзэу
Щыгъуэгъуэ кьисащ.

Хужьыбзэ у, ху абабзэу,
Iув дыдэу джэдыгу
Трепхэу я жыг пщIанэ
ГъырнэIуэхэм я щыгу.

Уафэгум дэкIуейу э
Кьыгъанэу льэужь,
Уэнжакьым щIыпу фэу
Кьреху Iугъуэ хужь.

Хьэ бащэр щхьэхьнэу
И хьэгъуэм кьыщIопщ.
Адакъэм , «сыпIыщIэркьым»
ЖиIэу, зегъэпщ.

Зи бзийхэр щхьэантIафэу
Дия дыгъэ фагъэр,
Уафэгум и щыгум
Кьоплъых зигъэщIагъуэу...
Кьэсакlэщ, кьэсакlэщ,
ЩIымахуэр кьэсащ.
Уафэбзэу, хужьыбзэу
Уэс Iувыр кьесащ.

Щымахуэм и сурэт

Кьэблэгъащ пщыхьэщхьэр -
Жэщым и чэзущ.
Бгыщхэ уэсыр гъуафэу
Елэ дыгъэ бзийм.

Кьыпфlащыну жьыжьэу
Жыг кьыщагъэувa,
Кьуа щтар зэгуэчри,
Щыгум кьыщыуащ.

Уэздыгъей кьудамэр
Iумыл джанэ хужьщ.
Уэсым хэпльагъуэкIыр
Кьуаргъым и льэужьщ.

КIэпхьыр жыг ку гъуанэм
ЩIокIэзыз, кьыпльыр
Щыпэу исщ, жыг тхьэмпэр
И тепIэнщIэльынщ.

Уафэ ущхьуэнтIами
ЩIыIэр и пшэкIухьщ.
Уеем зигъэ ткIыбжьу,
ЩIыльэм кьыщекIухь.

Бзуущхьуэжь бэшэчми
ЗыгъэфIигъэпщхьащ.
И пэ щыкIыр пфIощIыр
И бгъэм хэщтыхьа.

Пшэхэр уэс Iэмбатэу
Уегум щикIуьащ,
Пшэхэм япрыкIыри,
Дыгъэр бгым кьухьащ.

И щымагъ тельыджэм
ИгьэтэнщIу псэр,
ЩIокIуэрыкI мыл щIагъым
ЩIэху зищIаеу псыр.

Вагъуэхэр дьжьыну
Уафэм х окуужькI.
Ди уэнжакьым Iугъуэр
Iуврэ Iуву йокI.

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Гулъытэ ягъуэт

Екатеринградскэ жылагъуэм щыщу зауэм хэтахэмрэ абы гъэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэмрэ я унагъуэхэр къызэхакIухь ветеранхэм я къуажэ Советымрэ Прохладнэ куей администрацэмрэ я лIыкIуэхэм.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр къэзыхьахэм ящыщу мы жылагъуэм нобэ щIыхуэн 10 дэсщI, дэтхэнэми и псэкIэр зыхуэдэмрэ зыхуэныкьуэкIэмрэ, медицинэ Iуэхутхьэзэрэ хущхъуэгъуэхэмкIэ зыдэIэпыкъупхьэхэр иджыри зэ ягъэбелджылыж. Зи псэпIэ унэхэр зэгъэпэщыжьыхьэхэм абыкIэ зыщIагъэкъуэнущ. Апхуэдэ лэжьыгъэм ирахьэлIэнухэр ягъэжьэзэращ, ухуакIуэ бригадкэмэ ягурыIущ. Апхуэдэуи гулъытэншэу кьагъэнэныкьым тылым щыIэжьхьаэри, концлагерым исахэри. А лъэхъэнэ гугъум зауэ хуэIуэхущIэхэм псынщIэрыщIэу траухуауэ щыта заводхэмрэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щылэжьауэ нобэ мы къуажэм дэсщ цIыху 50, лъэхъэуэ щынагъуэр зыгъэвауэ 2.

Куей библиотекхэм иджыпсту щыщIэдзауэ щрагъкIуэкI ТекIуэныгъэ Иныр къэзыхьахэм ятеухуа пшыхьхэмрэ зэIущIэхэмрэ. Абыхэм жыдэкIэру хэтщ егъэджакIуэхэр, школакIуэхэр. Апхуэдэ зэIущIэ иджыблагъэ щызэхэтащ Дальнэ жылагъуэм. Абы кьрагъэблэгъа ветеранхэмрэ тылым и лэжьакIуэ хэмрэ кьаIуэтэжащ иджырей щIэблэр хэкупсэу кьэгъэхъунымкIэ мыхьэнэ ин зиIэ хъыбархэр.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Илъэс 67-рэ дэкIауэ

1943 гъэм и щыIныгъэм Прохладнэм дахужьауэ щытащ ныбжьыщIэ зэрыщхьэкIуэхэр. А зауэжьым хэкIуэдахэр, Кавказым щыщIэдзауэ Берлин нэс гъэугуанэр зыкIуэ ветеранхэр гъэлъэпIэныж хэгъэпсауэ щытащ Прохладнэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щекIуэкIа зэIущIэр.

АБы кьрихьэлIащ Хэку зауэшхэм и ветеранхэр, курыт еджапIэхэм щIэхэр. ЦIыкIуэхэр удз гъэгъа яIыгъыу цежьащ ветеранхэу Дурасенкэ Евдокие, Баранов Николай, Захарченкэ Григорий, Битаев Теймураз, Милованов Владимир сымэ. ЗэIущIэм хэтахэр дакьикъкIэ хуэщIыгъащ Хэку зауэшхэм хэкIуэдахэм.

Куэ щIакъым дунейм зэрехьжэ ЩIыхьым и ордени 3-ри зыхуагъфэща Герасименкэ Николай. ЗэIущIэм кьрихьэлIат абы и Iыхьлыхэр. Герасименкэ Николай и гъащIэм теуха тхыгъэ игъэхьэзырри, зэхуэсахэр щIыгъуэ 3-нэ лицейм и еджапIэ щIэхэр.

ЕджакIуэхэр тепсэлъыхьащ Кавказым бийр зэрыщIэзэхакъутам, Хэку зауэшхэр дитекIуэныгъэкIэ ихуныным мыхьэнэуэ иIам, Прохладнэм щыщ зауэлIэхэм зэрахьа лIыгъэм. ЗэIущIэм хэта кекуэнкIэхэм Хэкум тоурэуа уэрэдхэр жаIащ, уэсу кьеджащ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ,
Прохладнэ къалэм и администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Каратэ

Тыл Артур и зэфIэкI

«Налшык» спорт комплексым щекIуэкIащ кекуэнкай-каратэмкIэ ныбжьыщIэхэм я республикэ зэхьэзэхуэ зэIуха. Абы кърихьэлIащ КъБР-м и къалэхэмрэ районхэмрэ кьикIа спорт клубу 10, псори зэгъуэгу спортсмен 70 хэту.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кьрикIуэхэ ерыстауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и команд къыхэхар зэрыязэагъэувэнум кьыхэкIкIэ зэхьэрхуэрэгъуэм утыкум кьрагъэхьар я гъэсэн нэхъыфIэхэщ.

Илъэс 12 - 13 зи ныбжьхэм я деж щыбэна гупхэм пашэ щыхъуахэщ Гиляхов Муэфар (кг 35-рэ, «Тайфу» с/к, Белэ Речкэ), Кьуэдзокъуэ Рустам (кг 40, «Сатори», Налшык), Джанчарадзе Мамед (кг 45-рэ, «Яматэ», Налшык), Созаев Амирдан (кг 50, «Тайфу», Белэ Речкэ), Бозиев Астемыр (кг 50-м щIигъу, Осмэ), Гиляхов Дмитрий.

НыбжьыщIэ нэхъыжьхэм (илъэс 14 - 15) я гупым текIуэныгъэ хъыщIахьащ Гиляхов Иуан (кг 40, «Тайфу», Белэ Речкэ), Кьардэн Юрэ (кг 45-рэ, «Дайдзи», Налшык), Нэгъуей Астемыр (кг 50, «Сатори», Налшык), Улаков Исльам (кг 55-рэ, «Яматэ», Налшык), ПIэшэн Алим (кг 60, «Яматэ», Налшык), Джандаров Изнаур (кг 60-м щIигъу, «Фудо», Налшык).

Зэхьэзэхуэм щытекIуаэхэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ грамотэхэмрэ медалхэмрэ иратащ. КъыщынэмыщIауэ, 2009 гъэм и каратист нэхъыфIу кьалъыта, дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Тыл Артур саугъэт ящIэну иратащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

●ГИБДД-м къет

Къэпщытэныгъэхэр йокIуэкI

Гъэугум щынагъуэншэу щызекIуэныжьыкI зэранныгъэ къэзыщынкIэ хъуну ныкъуасанытэхэр зиIэ транспорт къамыгъэсбэлыж, къэрал къэпщытэныгъэм пхымыкI-ахэр къэхутэн и лъэныкъуэкIэ «Техникэ кIэлыдыпъыныгъэ» лэжьыгъэр республикэм щокIуэкI.

ГЪУЭГУМ зэрыщызекIуэм я нэIэ зэрытрагъэтым и мызакъуэу, къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм автоIэхэущIапIэхэми къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкI.

Щоферкэм, транспорт зиIэхэм фигу кьыдогъэкIыж къэрал къэпщытэныгъэм зэрыпхыкIамкIэ талоныр автомашинэхэмрэ автобусхэмрэ ипэмкIэ хэлъ абджьм и ижьрабгъум илъабжьэ пIанэпэм кьытещIу зэрыщытыпхэр.

УФ-м и КоАП-м и 12-та тетым и 2-нэ Iыхьэм къызэригъэувамкIэ, и чэзум кьрал къэпщытэныгъэр къызэзымыгъэпэща щоферым сом 200 кьуэдыкIу иратэнтынущ, транспортыр кьиГъэсэбэныну хуит ящIыныкъым, машинэм и кьэрал дамыгъэхэр кьыкIэрахынущ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД.

ФIыщIэ

Гузэвэгъуэ зимыIэн щыIэкъым. Апхуэдэхэм деж щIыхум зэрызыкьыпщIагъакъуэм уи гуауэр куэдкIэ нэхъ псынщIэ пщещI. Ар дэри дгъэунэхуащи, «Адыгэ псалъэр» кьэдгъэсэбэпу фIыщIэ яхуэтщIыну дыхуейт ди адэ **Жэман Билал Ибрэхьим и кьуэр** дунейм зэрехьажьэм кьыхэкIыу кьытхуэгъуэва псоми. ГуфIэгъуэ фIэкIа гузэвэгъуэ ямыльагъуу Тхьэм куэдэр игъэпсэухэ!

Жэман Билал и унагъуэр.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щырдий Марин**э (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъучIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Тансэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-79; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьанырэ и пщэ дэлъыр КъБР-м федералыгъэ пошт зэпыщIанырэ къэнэжащ.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрикIуэкI жэуап ящхь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-00656-м щIигъуэ яхуащI.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору ЩIыхьэмышI Иэз, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3,4-нэ нап.)*, Пхытыкl Юрэ *(1,2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкьуэгъэ Иуан Заирэ. *Компьютерхэм газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзащ сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №312